

# АПОСТОЛ ЕКЪУБ И ТХЫЛЪ

## 1-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*ФIэхъус*

Сэ сы-Екъубщ, Тхьэмрэ Зиусхьэну Хьисэ Мэссихьрэ сахуолажьэ. Фэ, дунейм хэгуэшауэ щыпсэу унагъуэ лъэпкъ пщыкIутIым, фIэхъус фызох.

*ФIэщхъуныгъэмрэ акъылыфIагъымрэ*

[2]Си къуэшхэ, фи фIэщхъуныгъэм и щыпкъагъэр зыгъэунэху
гугъуехь зэхуэмыдэхэм фыхуэзэмэ, ар гуфIэгъуэу флъытэ, [3]мы
гугъуехьхэм фи фIэщхъуныгъэм и щыпкъагъэр ягъэунэхуа
нэужь, гугъу фехьурэ теубыдагъэ фиIэ зэрыхъунур фощIэри.
[4]Теубыдагъэм и Iуэхур и кIэм нэвгъэс, сыт и лъэныкъуэкIи фи
щыпкъагъэм щыщIагъэ лъэпкъ хэмылъу, цIыху нэгъэса фыхъун
щхьэкIэ. [5]Ауэ фэ фщыщ гуэрым и акъылыфIагъэ хуримыкъумэ,
Тхьэм ирелъэIу, абы акъылыфIагъэ къритынущ. Сыт щхьэкIэ
жыпIэмэ зыри имыгъэкъуаншэу, и гуапэу Тхьэм цIыху псоми
фIы яхуещIэ. [6]Ауэ шэч химылъхьэу фIэщхъуныгъэкIэ ирелъэIу,
Тхьэм шэч хуэзыщIыр хы толъкъуным адэкIи мыдэкIи зэридзу
ихьым хуэдэщи. [7]Апхуэдэ цIыхур иремыгугъэ Тхьэм зыгуэр

къритыну. [8]Ар гупсысэ дыкъуакъуэ зиIэ цIыхущ, сыт хуэдэ Iуэ-
хуми быдагъэ щиIэкъым.

*ТхьэмыщкIагъэмрэ къулеигъэмрэ*

[9]Къуэш тхьэмыщкIэр Тхьэм зэриIэтамкIэ ирегуфIэ. [10]Ауэ къу-
лейр Тхьэм зэригъэцIыкIуамкIэ ирегуфIэ, удз гъэгъам хуэдэу
кIуэдыжынущи. [11]Дыгъэр къыщIокI, къыдокIуэтей, хуабэ дыдэ
мэхъу. Хуабэм удзыр егъэгъу. Удз гъэгъар полъэлъыжри, и да-
хагъэр мэкIуэдыж. Апхуэдэ дыдэу къулейри, и Iуэхухэм ятхьэ-
къуауэ, кIуэдыжынущ.

*ЦIыхухэм я щыпкъагъэр зыгъэунэху гугъуехьхэмрэ*
*гуэныхь ящIэну дезыгъэхьэх Iуэхухэмрэ*

[12]И щыпкъагъэ гъэунэхуа хъумэ, теубыдагъэ зиIэр гъуэгу ма-
хуэ теуващ, абы и щыпкъагъэр гъэунэхуа хъуа нэужь, езыр фIыуэ
зылъагъуухэр къызэригъэгугъа мыкIуэдыжын гъащIэр тажэм
хуэдэу Тхьэм а цIыхум къритынущи.
[13]ЦIыху гуэр и щыпкъагъэр зыгъэунэху гугъуехьым щыхуэ-
зэкIэ, «Тхьэр арщ сызыгъэунэхуу сыдезыгъэхьэхыр», жремыIэ.
Бзаджагъэм Тхьэр зыIэпишэнукъым. Тхьэми зыри бзаджагъэ
ищIэну дишэхынукъым. [14]Езым и хъуэпсэныгъэ Iейхэрщ, зыIэ-
пашэу икIи зэщIаубыдэу, а цIыхур дэзыхьэхыр. [15]Хъуэпсэныгъэ
Iейр уэндэгъу хъумэ, гуэныхь щIэныр къелъху; гуэныхь щIэнри
нэгъэса щыхъукIэ, ажалыр къелъху.
[16]Си къуэш лъапIэхэ, зыми зыкъевмыгъэгъапцIэ. [17]Сыт хуэдэ
IуэхуфIри тыгъэ пэжри уафэм къох, уафэм щыIэ нэхухэм я Адэ
лъапIэм къыбгъэдокI. Зэблэу жьауэхэм хуэдэу, абы зрихъуэ-
жыркъым. [18]Езыр хуеяти, щыпкъагъэм и псалъэхэмкIэ езым и
бын дигъэхъуащ, езым къигъэхъуа псоми ящыщу япэ дитын
щхьэкIэ.

*Тхьэм и псалъэхэм едэIуэнымрэ ахэр гъэзэщIэнымрэ*

[19]Си къуэш лъапIэхэ, мыр зэвгъащIэ. ДэIуэнкIэ хэти щIэхыу
ирехьэзыр, ауэ щIэх иремыпсалъэ, щIэхи иремыгубжь. [20]ЦIыхур
губжьмэ, Тхьэм дежкIэ щыпкъагъэ илэжьыркъым. [21]Аращи, гу
фIеигъэу къыфхэна псори, бзаджагъэ псори зыхэвн. Тхьэм

фигухэм кърилъхьа псалъэу фи псэхэр мыкIуэду къезыгъэлын
зылъэкIынухэр гу щабагъэкIэ фубыд.

22Тхьэм и псалъэхэм федаIуэ къудейкIэ хъунукъым, ахэр вгъэ-
зэщIэн хуейщ. Армырамэ, фи щхьэр къывогъэпцIэж. 23Сыт
щхьэкIэ жыпIэмэ а псалъэхэм едаIуэу зымыгъэзащIэр гъуджэкIэ
зэплъыж цIыхум хуэдэщ. 24Ар зоплъыжри, IуокIыж икIи и
теплъэр зыхуэдэр асыхьэту щогъупщэж. 25 ИщIэ псомкIэ гъуэгу
махуэ теува цIыхур мыращ: Тхьэм и унафэм фIыуэ хэплъэ
зэпыту икIи зэдэIуа Iуэхухэр щымыгъупщэжу зыгъэзащIэрщ.
Тхьэм и унафэр щыщIагъэншэу икIи нэгъэсауэ щытщи, цIыху-
хэм щхьэхуитынығъэ ирет.

26Зыгуэрым Тхьэм и фIэлIыкI и гум илъ фIэщIу, ауэ и бзэр
имыубыдмэ, абы и щхьэр къегъэпцIэж, и динри пщIэншэщ.
27Къабзэу икIи щыщIэгъэнщэу Тхьэуэ Адэ лъапIэм ухуэлэжьэ-
ныр мыращ: Гузэвэгъуэм хэхуа зеиншэхэмрэ фызабэхэмрэ
ядэIэпыкъуныр, мы дунейм щызекIуэ бзаджагъэм мысэ уи-
мыщIу пэIэщIэ зыпщIыныр арщ.

# 2-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*ЦIыхухэм я теплъэм фемыплъу,*
*цIыху псори фи зэхуэдэу щрет*

Си къуэшхэ, ди Зиусхьэн Хьисэ Мэссихьу щIыхьышхуэ зыб-
гъэдэлъымкIэ фIэщхъуныгъэ фиIэу, цIыхухэм я фэм фемыплъу,
цIыху псори фи зэхуэдэу щытын хуейщ. 2Дыщэ Iэлъын Iэрылъу,
щыгъын лъапIэхэр щыгъыу лIы къулей гуэр фи зэхуэсым къы-
хыхьауэ, фаджэу хуэпауэ лIы тхьэмыщкIэ гуэри къыфхыхьауэ
жытIэнщ. 3Щыгъын лъапIэхэр зыщыгъ лIым феплъурэ, «Моуэ
къеблагъэ, къэтIыс», жефIэу, ауэ тхьэмыщкIэм, «Модэ щыт»,
жефIэу, е «Моуэ си лъакъуэхэм я деж къэтIыс», жефIэмэ, 4 абы
щыгъуэ цIыху зэхэгъэж фщIауэ аркъэ? Гупсысэ Iей зиIэ хеящIэ-
хэм яхуэдэ фыхъуакъэ?

5Си къуэш лъапIэхэ, фыкъэдаIуэ! Мы дунейм и цIыху тхьэ-
мыщкIэхэракъэ Тхьэм къыхихар, фIэщхъуныгъэмкIэ къулеигъэ
пэжыр ягъуэтыжын, Тхьэр фIыуэ зылъагъухэр къызэригъэгугъа
тепщэныгъэшхуэмкIэ я Iыхьэфlыр къалъысын щхьэкIэ. 6Ауэ фэ
тхьэмыщкIэхэр зэфпэсакъым. Къулейхэракъэ фыдэзыкъузэр

икIи хеящIэхэм я пащхьэм физышэр? [7]Ахэракъэ зи гъуэгу фырикIуэ Хьисэ Мэссихь и цIэ лъапIэм IейкIэ тепсэлъыхьхэр?

[8]Тхьэм и псалъэу тхахэм хэту,* ди пащтыхьым и унафэу, «Уэ уи щхьэр фIыуэ зэрыплъагъум хуэдэу, уи гъунэгъури фIыуэ лъагъу», жыхуиIэр вгъэпэжмэ, фIы фощIэ. [9]Ауэ цIыхухэм я фэм феплъу, цIыху псори фи зэхуэдэу щымытмэ, гуэныхь фощIэ, Тхьэм и унафэхэми фытекIауэ къуаншагъэ влэжьауэ мэхъу. [10]Зыгуэр Тхьэм и унафэ псоми едаIуэрэ, зы унафэ закъуэм текIмэ, унафэ псоми текIауэ къуаншагъэ илэжьауэ мэхъу. [11]Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ «Зинэ умыщIэ» жызыIам* «ЦIыху умыукI», жиIащ. Аращи, зинэ умыщIами, цIыху гуэр букIмэ, Тхьэм и унафэм утекIауэ къокI.

[12]Аращи, Тхьэм и унафэу цIыхухэм щхьэхуитыныгъэ езытын зылъэкIхэм тету Тхьэм хьэкум зытрищIыхьыну цIыхухэм зэрахуэфащэм хуэдэу фыпсалъэ икIи фыпсэу. [13]Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ зи гум гущIэгъу имылъым Тхьэм гущIэгъу къыхуимыщIу хьэкум къытрищIыхьынущ. Ауэ гущIэгъур гъэкъуэншэным нэхърэ нэхъ лъэщщ.

*ФIэщхъуныгъэмрэ фIы щIэнымрэ*

[14]Си къуэшхэ, зыгуэрым фIы имыщIэу, «ФIэщхъуныгъэ сиIэщ», жиIэмэ, сыт абы сэбэпу хэлъыр? Апхуэдэ фIэщхъуныгъэм а цIыхур мыкIуэду къригъэлын лъэкIын? [15]Фи зы къуэш гуэрым е фи зы шыпхъу гуэрым щыгъыни махуэм ишхыни имыIэу жытIэнщ. [16]«Гъуэгу махуэ, фигу ирезагъэ. Зывгъэхуабэ икIи шхынкIэ зывгъэнщI», жиIэу фщыщ гуэрым абыхэм яжриIэу, ауэ зыхуэныкъуэр яримытмэ, сыт абы сэбэпу хэлъыр? [17]ФIэщхъуныгъэм и Iуэхури апхуэдэщ. ФIы зымыщIэм и фIэщхъуныгъэм псэ хэткъым.

[18]Зыгуэрым къыжиIэнкIэ хъунщ:

– Уэ фIэщхъуныгъэ уиIэщ, сэ фIыщIагъэхэр сиIэщ.

Апхуэдэ цIыхум сэ жесIэнщ:

– ФIыщIагъэхэр зыщIымыгъу уи фIэщхъуныгъэр сыгъэлъагъу, сэ фIыуэ злэжьымкIэ си фIэщхъуныгъэр уэзгъэлъагъунущ.

[19]Зы Тхьэм фIэкI зэрыщымыIэр уи фIэщ мэхъу. Ар фIыщ. Жин бзаджэхэми ар я фIэщ мэхъу икIи щошынэ. [20]Уэ, зэхэщIыкI

2:8 Тхьэм и псалъэу тхахэм хэту – еплъ 2 Мусэ 19:18.

2:11 жызыIам – еплъ 2 Мусэ 20:13-14.

зимыIэ цIыху, фIыщIагъэхэр зыщIымыгъу фIэщхъуныгъэм
сэбэп къызэрыпымыкIынур къыбгурызгъэIуэну ухуей? [21]Ди
адэшхуэ Ибрэхьим* и къуэ Исхьэкъ тыхь щIыпIэм щытрилъ-
хьэм, Тхьэм абы щыпкъагъэ иIэу илъытакъэ? [22]Аращи, Иб-
рэхьим и фIэщхъуныгъэмрэ и фIыщIагъэхэмрэ зэрызэщIыгъур
уолъагъу. Ибрэхьим и фIыщIагъэхэращ и фIэщхъуныгъэр нэгъэ-
сауэ зыщIар. [23]Тхьэм и псалъэу тхахэм хэт мы псалъэхэр* пэж
хъуащ: «Ибрэхьим ТхьэмкIэ фIэщхъуныгъэ иIэ хъуати, Тхьэм
абы щыпкъагъэ иIэу илъытащ». Тхьэм и ныбжьэгъукIэ еджэ
хъуащ абы. [24]Аращи, флъагъуркъэ, цIыхум фIэщхъуныгъэ зэ-
риIэм и мызакъуэу, фIыи зэрилэжьыращ Тхьэм абы щыпкъагъэ
иIэу щIилъытэр.

[25]Апхуэдэу, Рахав* зи цIэ псэжьым журт лIыкIуэхэр иригъэ-
благъэри, нэгъуэщI гъуэгукIэ щыщIигъэпхъуэжым, Тхьэм абы
щыпкъагъэ иIэу илъытакъэ? [26]Аращи, псэ зыхэмытыж пкъыр
зэрыузджынтам хуэдэу, фIыщIагъэхэр зыщIымыгъу фIэщхъу-
ныгъэми псэ хэткъым.

## 3-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Взэгур убыдыныр*

Си къуэшхэ, фэ фщыщ куэдыIуэ дин егъэджакIуэ хъуным
щIремыкъу, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ дэ егъэджакIуэхэм Тхьэм
хьэкуму* къыттрищIыхьынур хьэкум нэхъ ткIийуэ зэрыщытыр
фощIэ. [2]Дэ псоми Iуэхугъуэ куэдкIэ гуэныхь дощIэ. Езым и
псалъэхэмкIэ гуэныхь зымыщIэ цIыхур цIыху нэгъэсауэ щытщ,
ипкъ псори игъэIурыщIэн лъокI.

[3]Шыхэм шхуэIур я жьэхэм жьэдэдолъхьэ, дгъэIурыщIэн
щхьэкIэ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ абыхэм япкъ псори догъэжыIэщIэ.
[4]Кхъухьхэми феплъ. Ахэр инщ, жьышхуэхэми яху. Апхуэдэу

2:21 Ибрэхьим – еплъ 1 Мусэ 22:1-14.

2:23 Тхьэм и псалъэ тхахэм яхэт мы псалъэхэр – еплъ 1 Мусэ 15:6.

2:25 Рахав – еплъ Нун и къуэ Ехьошуа (Исус Навин) и хъыбар зэрыт тхылъым 2:1-21.

3:1 хьэкум – «суд».

щыт пэтми, кхъухьзехуэм къухьыр хьэнцэ цIыкIукIэ здыхуеймкIэ
еунэтI. 5Бзэгури пкъым щыщу Iыхьэ цIыкIущ, ауэ
Iуэхугъуэ куэд егъэзащIэ. Феплъ мафIэ хъуаскIэ цIыкIум
мэзышхуэм мафIэ зэрыщIидзэм. 6Взэгури апхуэдэ мафIэм
хуэдэщ. Мы дунейм и бзаджагъэхэр абы тезщ. Ди пкъым щыщу
бзэгуращ пкъы псор мыкъабзэ зыщIыр икIи гъащIэм и шэрхъым*
мафIэр щIэзыгъанэр. Жыхьэнмэм и мафIэр бзэгуращ
зэщIэзыгъэнар.

7Сыт хуэдэ хьэкIэкхъуэкIэри, къуалэбзури, хьэпщхупщхэри,
псым хэс псэущхьэри цIыхухэм ягъэIэсэ икIи ягъэIэсащ, 8ауэ
бзэгур зыми игъэIэсэн лъэкIынукъым. Ар, бгъэувыIэн плъэмыкIыну,
бзаджэ гуэрщ, ажал къызыхэкI щхъухьи хэзщ.

9Тхьэуэ Адэ лъапIэм бзэгукIэ щIыхьышхуэ худощI, Тхьэм
езым хуэдэу щытыну къигъэхъуа цIыхухэм бзэгукIи дахущIоджэ.
10Жьэм щIыхьышхуэри мыхъумыщIэри къыжьэдокI. Ар
апхуэдэу щытын хуейкъым, си къуэшхэ. 11Зы псынащхьэ псы
IэфIи псы дыджи къыщIэкIынкIэ хъуну? 12Си къуэшхэ, ахъуо
жыгым зейтун* къыпыкIэн лъэкIын? Е жызумейм ахъуо къыпыкIэн
лъэкIын? Апхуэдэ дыдэу, псынэ шыугъэм псы IэфI
къыхэкIын лъэкIынукъым.

*Уафэм къех акъылыфIагъэр*

13Фэ фщыщу хэт акъыл куурэ гулъытэфIрэ зиIэр? Абы и дуней
тетыкIэ дэгъуэмкIэ, акъылыфIагъэм къыхэкI гущабагъэр иIэу,
и фIыщIагъэхэр кърегъэлъагъуэ. 14Ауэ фыгъуэ дыджымрэ зэщыхьэнычгъэмрэ
фигухэм илъмэ, фызыщцымытхъуж, щыпкъагъэри
фымыгъэпцI. 15Апхуэдэ акъылыфIагъэ уафэм къехыркъым, ар
мы дунейм щыщщ. Тхьэм и Псэ ЛъапIэри апхуэдэ акъылыфIагъэм
хэлъкъым, абы хэлъыр жин бзаджэхэрщ. 16Сыт щхьэкIэ
жыпIэмэ фыгъуэрэ зэщыхьэныгъэрэ здэщыIэм Iуэхухэр щызэIохьэ,
дэтхэнэ зы мыхъумыщIагъэри щобагъуэ.

17Ауэ уафэм къикI акъылыфIагъэр, япэрауэ къабзэщ, итIанэ
зэкIужыныгъэ хэлъщ, гущабэщ, IурыщIэщ, гущIэгъу хэлъ зэпытщ,
фIы ищIэ зэпытщ, захуэщ, гъэпцIагъи хэлъкъым. 18ЗэкIужыныгъэм
хэтхэращ щыпкъагъэ къызыхэкI жылапхъэр гузэгъэгъуэкIэ
цIыхухэм я гум изылъхьэр.

---

3:6 гъащIэм и шэрхъ – цIыхум и гъащIэ псори арщ.

3:12 зейтун – «маслинэ» жыхуаIэрщ.

# 4-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Мы дунейм ныбжьэгъу ухуэхъуныр*

Зэбиинығъэрэ зэщыхьэнығъэрэ дэнэ къикIыу къыфхыхьэрэ?
Хъуэпсэнығъэ Iейхэу фигухэм илъу щызэныкъуэкъухэракъэ
къызыхэкIыр? [2]Зыгуэр фиIэну фыхуейщ, ауэ фиIэкъым. ЦIыху
фоукI икIи фохъуапсэ, ауэ фызыхуейр къыфIэщIыхьэркъым. Фы-
зэщохьэ икIи фызэбийщ. Тхьэм фелъэIуркъыми, фызыхущIэ-
къур къывэхъулIэркъым. [3]Тхьэм фелъэIуми, зыри къывитыр-
къым, Iеягъ фигу илъу, фи гур зыщIэхъуэпс Iуэхугъуэхэм ятев-
гъэкIуэдэныр арщ Тхьэм фыщIелъэIури.

[4]Фэ зинэ зыщIэхэм фахуэдэщ. Мы дунейм ныбжьэгъу фыхуэ-
хъунри Тхьэм бий фыхуэхъунри зыщ, ар фщIэркъэ фэ? Аращи,
дунейм ныбжьэгъу хуэхъуну хуейр Тхьэм и бий хъууэ арщ. [5]Е
Тхьэм и псалъэу тхахэм мыпхуэдэу зэрыхэтыр пщIэншэу фи
гугъэ: «Дэ тхэт псэр хуабжьу мэфыгъуэ»? [6]Ауэ ди гум илъым
нэхърэ Тхьэм и нэфI щыхуэныгъэр нэхъ инщ. Аращи, Тхьэм и
псалъэу тхахэм мыпхуэдэу хэтщ:

«Тхьэр поув пагагъэ зи гум илъ цIыхум,
и нэфI щохуэ пагагъэ зи гум имылъым».

[7]Аращи, Тхьэм фыхуэIурыщIэ. ШейтIаным фыпэуви, ар фи
пащхьэм икIынурэ щIэпхъуэжынущ. [8]Тхьэм гъунэгъу зыхуэф-
щIи, езыми гъунэгъу зыкъыфхуищIынущ. Фи Iэхэр вгъэкъабзэ,
фэ, гуэныхь зыщIэхэм, фигухэр вгъэкъабзэ, фэ, теубыдагъэ зи-
мыIэу гупсысэ дыкъуакъуэ зиIэхэм. [9]Фынэщхъей, фыгъ икIи
фыпыхьэ. Фи дыхьэшхыныр гъынкIэ, фи гуфIэгъуэми нэщ-
хъеягъуэкIэ зрехъуэж. [10]Тхьэм и пащхьэм зыщывгъэлъахъши,
езым фыкъиIэтынущ.

*Къуэш гуэрым хьэкум тепщIыхьыныр*

[11]Си къуэшхэ, IейкIэ фызэхуэмыпсалъэ. Зи къуэш IейкIэ те-
псэлъыхьурэ зыгъэкъуаншэр Тхьэм и унафэхэм IейкIэ топсэ-
лъыхь икIи мызахуэу елъытэ. Ауэ Тхьэм и унафэхэр пфIэмыза-

4:6 Тхьэм и псалъэу тхахэм хэтщ – еплъ Сэлмэн пащтыхьым и псалъэжьхэм (Притчи) 3:34.

хуэмэ, ахэр умыгъэзэщIауэ, хьэкум ятепщIыхьауэ мэхъу. [12]ЦIыхухэм унафэхэр яхуэзыщIу, хьэкум ятезыщIыхьыр зы къудейщ, ахэр мыкIуэду къезыгъэлыну е зыгъэкIуэдыну лъэкIыныгъэ ЗиIэр аращ. Ауэ щыхъукIэ, уэ ухэт, уи гъунэгъур бгъэкъуэншэну?

*Узыщымытхъуж*

[13]ФыкъэдаIуэ фэ, мыпхуэдэу жызыIэхэр: «Е нобэ, е пщэдей мо къалэм е адрей къалэм дыкIуэнурэ, зы илъэс дыкъэтынущ, дыщэхуэурэ икIи тщэурэ ахъшэ къэдлэжьэнущ». [14]Ауэ щыхъукIи, пщэдей къэхъунур фщIэркъым. Фи гъащIэр сыт хуэдэ? Зы тIэкIурэ къэлъагъуэу, итIанэ кIуэдыж бахъэм фыхуэдэщ. [15]Аращи, апхуэдэу жывмыIэу, мыпхуэдэу жыфIэн хуейщ: «Зиусхьэныр хуеймэ, дыпсэунущ, мыр е мор тщIэнущ». [16]Ауэ иджы зыкъыффIощIыж икIи фызыщотхъуж. Апхуэдэ зыщытхъужыныгъэ псори Iейщ. [17]Аращи, фIыуэ илэжьын хуейр къыгурыIуэ пэтми, зымылэжьым гуэныхь ещIэ.

# 5-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Фэ, бейхэр, фызыхуэсакъыж*

Фэ, цIыху бейхэр, фыкъэдаIуэ. Насыпыншагъэу къыфлъысынум щхьэкIэ фыгъ икIи фыпыхьэ. [2]Фэ фи мылъкур фащ, фи щыгъынхэри хъуным яшхащ. [3]Фи дыщэри фи дыжьынри улъиящ. Ахэр зэрыулъияр щыхьатщ фэ фызэрыкъуаншэмкIэ, абы фи пкъыр текIуэдэжынущ, мафIэм зэригъэкIуэдынум хуэдэу. Мы дунейм иужьырей махуэхэм мылъку зэщыхуэфлъэсащ. [4]ЛэжьапщIэ зэвмыту фи хьэсэхэр зезыхьа фи лIыщIэхэм фагъэкъуаншэурэ къыфкIэлъоджэ. Гъавэр къэзыхыжхэм я гуо макъыр ЛъэкIыныгъэшхуэ псори ЗиIэ Зиусхьэным и тхьэкIумэхэм нэсащ. [5]Ахъшэ куэд зытевгъэкIуадэурэ зывгъэтхъэжу мы дунейм фыщыпсэуащ. Былым гъашхэм хуэдэу,* фэ фыщыфIагъэжыну

5:5 былым гъашхэм хуэдэу – апхуэдэу фэри гуэныхь щIэнымкIэ зызэрывгъэнщIам щхьэкIэ Тхьэм фигъэкъуэншэнущ.

махуэм щхьэкIэ гуэныхь щIэнкIэ зывгъэнщIащ. [6]Щыпкъагъэ
зигу илъ цIыхур вгъэкъуаншэри фукIащ. Ар фэ къыфпэувакъым.

*ШыIэныгъэ зибгъэIэнымрэ Тхьэм елъэIунымрэ*

[7]Аращи, си къуэшхэ, Зиусхьэныр къэкIуэжыху, шыIэныгъэ
зивгъэIэ. МэкъумэшыщIэм щIым хиса жылэ лъапIэр къэкIыу
гъавэ хъуху зэрыпэплъэм феплъ. Ипэрей уэшхри иужьрей
уэшхри къешхыху, шыIэныгъэ иIэу поплъэ ар. [8]Апхуэдэу, фэри
шыIэныгъэ зивгъэIэ, фигу вгъэбыдэ Зиусхьэныр дунейм къы-
щыкIуэжыну махуэр къэблэгъащи. [9]Си къуэшхэ, зыр зым
щхьэкIэ фымытхьэусыхэ, Тхьэм фимыгъэкъуэншэн папщIэ.
ХеящIэр бжэIупэм Iутщ.
[10]Си къуэшхэ, Зиусхьэным и цIэкIэ къэпсэлъа бегъымбархэм
щапхъэ ятефх. Гугъуехь яшэч щыхъум, шыIэныгъэ зрагъэIащ.
[11]Теубыдагъэ зиIэхэр гъуэгу махуэ теувауэ жыдоIэ. Iэиуб бе-
гъымбарым* и теубыдагъэм и хъыбарыр зэхэфхащ. ИкIэм-икIэ-
жым Зиусхьэным абы фIы къызэрыригъэгъуэтыжар фощIэ, сыт
щхьэкIэ жыпIэмэ Зиусхьэным гущIэгъушхуэ иIэщ, абы и гур
дэ къытщIогъу.
[12]Си къуэшхэ, псоми япэу, тхьэ фымыIуэ. УафэмкIи, щIы-
лъэмкIи, сыт ищIыскIи тхьэ фымыIуэ. «Аращ», жыфIэу щытмэ,
ар вгъэпэж. «Хьэуэ, аракъым», жыфIэу щытмэ, ари вгъэпэж,
Тхьэм фимыгъэкъуэншэн щхьэкIэ.
[13]Фэ фщыщ гуэрым гугъуехь ишэчмэ, Тхьэм ирелъэIу. Зыгуэр
гуфIэмэ, тхьэщIыхь уэрэдхэр къыжреIэ. [14]Фщыщ гуэр сыма-
джэмэ, члисэ зэхуэсым и нэхъыжьхэр* кърыреджэ. Абыхэм
Зиусхьэным и цIэкIэ сымаджэм дагъэ щрехуи, хурелъаIуэ,
[15]фIэщхъуныгъэ яIэу Тхьэм зэрелъэIум щхьэкIэ сымаджэр хъу-
жынущ. Зиусхьэным ар къызэфIигъэувэжынущ. Гуэныхь
ищIами, къыхуигъэгъунущ. [16]Аращи, Тхьэм фигъэхъужын
щхьэкIэ, фи гуэныхьхэмкIэ зым адрейм и пащхьэм зыщыву-
мысыжри, зыр адрейм папщIэ Тхьэм фелъэIу. Щыпкъагъэ зиIэ
цIыхум и тхьэлъэIум лъэкIыныгъэ иIэщ икIи куэд лъокI.

---

5:11 Iэиуб бегъымбарыр – еплъ Iэиуб и хъыбар зэрыт тхылъым (Иов) 2:10; 42:10.

5:14 члисэ зэхуэсым и нэхъыжьхэр – члисэ зэхуэсым хуэлажьэ тхьэмадэхэщ.

[17]Иляс бегъымбарыр* дэ дэщхь цIыхуу щытащ. Уэшх къе-
мышхын щхьэкIэ, и фIэщу Тхьэм елъэIури, илъэсищрэ мазихкIэ
щIым уэшх къытешхакъым. [18]Абы и ужькIэ Тхьэм аргуэру
елъэIури, Тхьэм уэшх къригъэшхащ, щIым хэлъ жылэхэм
къэкIыу щIадзэжащ.

[19]Си къуэшхэ, фэ фщыщ гуэр щыпкъагъэм и гъуэгум текI
хъумэ, ар гъуэгу занщIэм тезыгъэхьэжым мыр ирырещIэ:
[20]Гъуэгу пхэнжым тет гуэныхьыщIэ цIыхур гъуэгу захуэм
тезыгъэхьэж дэтхэнэми адрейр ажалым къыIэщIишыжынурэ,
гуэныхь куэди къыхуэгъужынущ.

5:17-18 Иляс бегъымбарыр – еплъ Пащтыхьхэм я хъыбархэр зэрыт япэ тхылъым (3-я Царств) 17:1; 18:42-45.



# АПОСТОЛ ПЕТР И ЯПЭ ТХЫЛЪ

## 1-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*ФIэхъус*

Сэ сы-Петрщ, Хьисэ Мэссихь сриапостолщ. Фэ, Тхьэм и цIы-
ху лъапIэхэм, хэгуэшауэ Понт, Галатие, Каппадокие, Асие,
Вифиние хэкухэм щыпсэухэм, мы тхылъыр ныфхузотх. 2 Тхьэуэ
Адэ лъапIэм ипэкIэ зэриухам тету, езым и бынхэм ящыщ фы-
хъуну фыкъыхихащ икIи езым и Псэ ЛъапIэм фи гур игъэкъабзэ
зэпытщ, Хьисэ Мэссихь федэIуэн, абы лъыуэ жорым щыщIэ-
кIамкIэ къабзэ фыхъун щхьэкIэ. Тхьэм и нэфI куэду къыфщыхуэ,
гузэгъэгъуэ ину къыфлърес.

*МыкIуэдыжын гугъапIэ*

3 Тхьэуэ ди Зиусхьэн Хьисэ Мэссихь и Адэ лъапIэм щIыхьы-
шхуэр ейщ! Хьисэ лIахэм къазэрыхигъэтэджыкIыжамкIэ, Тхьэм
гущIэгъушхуэ къытхуищIу щIэрыщIэу дыкъалъхужа дищIащ.
Апхуэдэу мыкIуэдыжын гугъапIэ диIэ хъуащ, 4 Тхьэм и бынхэм
яхуигъэхьэзыра IыхьэфIри диIэ хъунущ. А мыкIуэдыжын

IыхьэфIу, щыщIагъэ зыбгъэдэмылъу, зэрыщыту къанэр Тхьэм
уафэм къыщыфхуехъумэ. [5]ФIэщхъуныгъэ зэрывиIэм щхьэкIэ,
Тхьэм и лъэкIыныгъэкIэ фыкъехъумэ, фымыкIуэду фыкъызэры-
ригъэлар дунейм иужьрей махуэхэм нахуэ къэхъун щхьэкIэ.
[6]Аращи, гугъуехь зэмылIэужьыгъуэхэр зымащIэкIэ зэрыфшэ-
чыр иджыпстукIэ фигу къеуэми, фогуфIэ. [7]А гугъуехьхэр щIэф-
шэчыр фи фIэщхъуныгъэр гъэунэхуа хъууэ, абы и щыпкъагъэр
нахуэ хъун щхьэкIэщ. Дыщэр зэрыдыщэр мафIэкIэ ягъэунэху
пэтми, а дыщэр кIуэдыжынущ. Фи фIэщхъуныгъэр а дыщэм
нэхърэ нэхъ лъапIэщ. Хьисэ Мэссихь къыщыкIуэжыну махуэм
фи фIэщхъуныгъэм и щыпкъагъэм щхьэкIэ фIыщIи, щIыхьи,
лъытэныгъи къыфхуищIынущ Тхьэм. [8]Хьисэ Мэссихь фымы-
лъэгъуауэ щыт пэтми, фIыуэ фолъагъу. ИджыкIэ фымылъагъу
пэтми, абыкIэ фIэщхъуныгъэ фиIэщ, псалъэхэм жамыIэфыну
щIыхьышхуэ зыхэлъ гуфIэгъуэшхуи фи гум илъщ. [9]Сыт
щхьэкIэ жыпIэмэ фи фIэщхъуныгъэкIэ фымыкIуэду Тхьэм
фыкъызэрыригъэлым икIэм-икIэжым фынос.

[10]Тхьэм и нэфIыр къызэрыфщыхуэнум и хъыбарыр зыIуэта
бегъымбархэр цIыхухэр мыкIуэду Тхьэм къызэрыригъэлынум
теухуа хъыбар псоми хэплъыху, ягъэунэхуу щытащ. [11]Мэссихь
гугъуехьхэр ишэчу, абы и ужькIэ щIыхьышхуэ иIэ зэрыхъунур
бегъымбархэм я гум илъ Мэссихь и Псэ ЛъапIэм къыщыжиIэм,
зытепсэлъыхьа зэманри Мэссихь къызэрыкIуэжыну щIыкIэри
бегъымбархэм зэрызрагъэщIэным и ужь итащ. [12]Бегъымбархэр
зытепсэлъыхьу щыта Iуэхухэр езыхэм я зэманым къэмыхъуу,
фэ фи зэманым къызэрыхъунур Тхьэм къагуригъэIуэгъащ.
Тхьэм езым и Псэ ЛъапIэу уафэм къахуригъэхам и лъэкIыны-
гъэкIэ хъыбарыфIыр* къыфхуэзыIуатэхэм мы Iуэхухэм я хъы-
барыр иджы фи деж къагъэсащ. А Iуэхухэм яхэплъэну мелыIыч-
хэри хуейщ.

*ГукъабзагъэкIэ фыпсэу*

[13]Аращи, фи цей къуакIэ дэупщIауэ, фигукIэ хьэзыру фыщыт.
ЗышыIэныгъэ зивгъэIэ. Хьисэ Мэссихь къыщыкIуэжыну махуэм
Тхьэм и нэфIыр къызэрыфщыхуэным куэду фыщыгугъыурэ
фыпэплъэ. [14]Щыпкъагъэр зыхуэдэр фымыщIэу, фи хъуэпсэныгъэ

1:12 хъыбарыфIыр – Хьисэ Мэссихь теухуа хъыбарыфIыр арщ.

Iейхэм Iэрылъхьэ фызэрыщытам хуэдэу, иджы Iэрылъхьэ
зыхуэвмыгъэхъу, сабий IурыщIэхэм хуэдэу. [15]Ауэ Тхьэуэ езым и
бынхэм ящыщ фыхъуну фыкъыхуезыджар лъапIэу зэрыщытым
хуэдэу, фэри фи гур лъапIэу икIи къабзэу влэжь псори вгъэзащIэ.
[16]Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Тхьэм къызэрыжиIэр и псалъэу тхахэм
хэтщ:* «Сэ сызэрылъапIэм хуэдэу фэри лъапIэ фыхъун хуейщ».

[17]ЦIыхухэм я фэм емыплъу, цIыху псори зи зэхуэдэ Тхьэм,
хэти илэжьам теухуауэ хьэкум щыпкъагъэкIэ тезыщIыхьым,
фыщелъэIукIэ, «Уэ Адэ лъапIэ», жывоIэ. Аращи, мы дуней
хьэхум щывгъакIуэ зэманыр Тхьэм и фIэлIыкI фи гум илъу
вгъэкIуэн хуейщ. [18]ЗэрыфщIэщи, фи адэжьхэм къызэранэкIа
пщIэ зимыIэ псэукIэм фыхишыжыну Мэссихь фи щхьэхэр
ищэхужащ. Фи щхьэхэр зэрищэхужар кIуэдыжыну дыжьыныр
е дыщэр аракъым, [19]езым и лъыуэ уасэ зыхуэпщIыну щымыты-
ращ. Езыр хуэныкъуагъэ зимыIэ, бжьыгъэ зытемылъ щынэ
къабзэм хуэдэщ. [20] Дунейр къигъэщIын и пэкIэ Тхьэм Мэссихь
къыхихащ, ауэ иджы дунейм и кIэухым деж фIыгъуэ къыви-
гъэуэлIэну Мэссихь къигъэкIуащ. [21]ТхьэмкIэ фIэщхъуныгъэ фиIэ
ищIащ Мэссихь. Тхьэращ Мэссихь лIахэм къахэзыгъэтэджы-
кIыжар, щIыхьышхуэри къезытар. Абы и фIыгъэкIэ ТхьэмкIэ
фIэщхъуныгъэ фиIэ хъуащ икIи Тхьэм фыщогугъ.

[22]Щыпкъагъэм фызэредэIуам щхьэкIэ фи гур къабзэ хъуащ.
Фи къуэшхэр, пцIы хэмылъу, фIыуэ фолъагъу. Гу къабзагъэкIэ
фIыуэ фызэрылъагъу зэпыт, [23]щIэрыщIэу фыкъалъхужащи.
ЩIэрыщIэу фыкъызэралъхужар кIуэдыжыну жылэкъым, атIэ
мыкIуэдыжын жылэщ. А жылэр гъащIэ къызыхэкIыу, Тхьэм и
псалъэу игъащIэкIэ зызымыхъуэжынуращ. [24]Тхьэм и псалъэу
тхахэм зэрыхэтым хуэдэу,*

«ЦIыху псори удзым хуэдэщ,
я щIыхь псори удз гъэгъам хуэдэщ.
Удзыр мэгъуж, гъэгъари мэкIуэдыж.
[25]Ауэ Тхьэм и псалъэхэр мыкIуэдыжу
игъащIэкIэ къонэ».

А псалъэхэращ Тхьэм хуэлажьэ цIыхухэм къыфхуаIуэтар.

---

1:16 Тхьэм и псалъэу тхахэм хэтщ – еплъ 3 Мусэ 19:2.

1:24 Тхьэм и псалъэу тхахэм зэрыхэтым хуэдэу – еплъ Ешайа бегъымбарым и тхылъым 40:6-8.

# 2-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Лъэпкъ лъапIэр*

Аращи, бзаджагъэ псори, хьилагъэ псори, бзитIщхьитIыгъэ-
ри, фыгъуэнымгъэри, цIыхухэм IейкIэ фытепсэлъыхьынри
зыхэвн. [2]КъалъхуагъащIэ сабийхэр анэ быдзышэм зэры-
щIэхъуэпсым хуэдэу, фэри Тхьэм и псалъэу шэ къабзэм хуэдэхэм
фыщIэхъуэпс, абыхэмкIэ фыхэхъуэурэ, фымыкIуэду Тхьэм
фыкъригъэлын щхьэкIэ. [3]Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Зиусхьэныр
зэрыфIыр зыхэфщIащи.

[4]Зиусхьэным гъунэгъу зыхуэфщI. Аращ псэ зыпыт мывэу цIы-
хухэм зрамыпэсу хыфIадзэжар, ауэ Тхьэм ар къыхихащ, езым
дежкIэ абы уасэшхуэ иIэщ.* [5]Фэри псэ зыпыт мывэхэм фыхуэ-
дэу, Тхьэм и Псэ ЛъапIэр здэщыIэ унэшхуэм щыщ фыхъу. Ап-
хуэдэу дин пащэ лъапIэ фыхъунущ, Хьисэ Мэссихь илэжьа
Iуэхум щхьэкIэ Тхьэм и гум ирихь тыхь гурэ псэкIэ хуэфщIыфы-
нущ. [6]Тхьэм къызэрыжиIар и псалъэу тхахэм хэтщ:*

«ФыкъэдаIуэ, сэ къыхэсхауэ,
уасэшхуэ зиIэу, унэр зэтезыIыгъ
мывэ лъабжьэр
Сион къалэм щызогъэтIылъ.
А мывэмкIэ фIэщхъуныгъэ зиIэр
щIегъуэжынукъым».

[7]ФIэщхъуныгъэ зиIэ фэркIэ а мывэр* лъапIэщ. Ауэ фIэщхъу-
ныгъэ зимыIэхэмкIэ

«УхуакIуэхэм зрамыпэсу
хыфIадзэжа мывэр
унэр зэтезыIыгъ мывэ
лъабжьэ хъуащ»,

---

2:4 Е Зиусхьэн Хьисэ и гъунэгъу фыхъу. Ар ухуакIуэхэм зрамыпэс мывэм хуэдэщ. Ауэ Тхьэуэ гъащIэ зыхэлъ унэшхуэ зыщIым абы уасэшхуэ иIэу илъытэри ар къыхихащ.

2:6 Тхьэм и псалъэу тхахэм яхэтщ – еплъ Ешайа бегъымбарым и тхылъым 28:16.

2:7 мывэр – Мэссихьщ. Еплъ Уэрэд ЛъапIэхэм (Сабур)117:22.

[8]Абы нэмыщІу,

«ЦІыхухэр зыгъэлъэпэрэпэн мывэу
цІыхухэр щІым тезыгъэджалэ мывэшхуэуи»*

хъуащ. Тхьэм и псалъэхэм зэремыдаІуэм щхьэкІэ, ахэр мэлъэпэрапэ, Тхьэм абыхэм зэрахуигъэнэхуам хуэдэу.

[9]Ауэ фэ Тхьэм къыхиха лъэпкъыу, Тхьэуэ пащтыхьым хуэлажьэ дин пашэхэу, лъэпкъ лъапІэу икІи Тхьэм и цІыхухэу фыщытщ. Апхуэдэу щІэхъуар кІыфІыгъэм фыкъыхэкІыжу, нэхунэшхуэм фыхыхьэну фыкъыхуезыджа Тхьэм и Іуэху телъыджэхэр фІуэтэн щхьэкІэщ. [10]Пасэм фэ Тхьэм и лъэпкъыу фыщытакъым, иджы абы фрилъэпкъщ. Пасэм Тхьэм гущІэгъу къыфхуищІыртэкъым, иджы гущІэгъу къыфхуещІ.

*Тхьэм хуэлажьэ цІыхухэм яхуэфащэу фыпсэу*

[11]ФІыуэ слъагъухэ, фэ, хамэу икІи мы дунейм хэхэсу щыпсэухэм, хъуэпсэныгъэ Іейуэ фи псэхэм къыпэувхэм пэІэщІэ зыфщІыну сынывольэІу. [12]Тхьэр зымыщІэхэм я пащхьэм тэрэзу фыщыпсэу. «Мы цІыхухэр бзаджащІэхэщ», жаІэурэ ІейкІэ къыфтепсэлъыхь пэтми, фи фІыщІагъэхэр ялъагъунурэ, Тхьэр абыхэм къащыхэплъэну махуэм Тхьэм щІыхьыр хуащІынущ.

[13] Зиусхьэным и гъуэгум фызэрырикІуэм щхьэкІэ тепщэныгъэ зиІэ цІыху псоми фахуэІурыщІэ: псоми я тепщэ пащтыхьыр арами, абыи фыхуэІурыщІэ, [14]бзаджащІэхэм тезыр ятезылъхьэну, фІы зыщІэхэми ящытхъуну пащтыхьым къигъэкІуа ІэтащхьэхэрамиIабыхэми фахуэІурыщІэ. [15]Тхьэр зыхуейр мыращ: фІыгъуэ длэжькІэрэ, зыри зымыщІэ цІыху гулъытэншэхэм я жьэр едгъэубыдынырщ. [16]Фи щхьэ фыхуиту фыпсэу, ауэ бзаджэ щІэнымкІэ щхьэхуитыныгъэр къэвмыгъэсэбэп, Тхьэм хуэлажьэ цІыхухэм яхуэфащэу фыпсэу. [17]ЦІыху псоми щІыхь яхуэфщІ, къуэшхэри фІыуэ флъагъу, Тхьэми фыщышынэ, пащтыхьми щІыхь хуэфщІ.

2:8 мывэшхуэ – еплъ Ешайа бегъымбарым и тхылъым 8:14.

*Мэссихь гугъуехь зэришэчам хуэдэу,*
*фэри гугъуехь фшэчурэ, абы и лъэужьым фрикIуэ*

[18] Фэ, унэIутхэ, лъытэныгъэ псомкIи фи тепщэхэм фахуэ-
IурыщIэ, тепщэ гущабэмрэ Iэдэбымрэ я мызакъуэу, тепщэ
ткIийми фыхуэжыIэщIэ. [19]Лажьэ имыIэ пэтми, гугъуехь щра-
гъэшэчкIэ, Тхьэр игу хэлъу шыIэныгъэ зиIэрщ Тхьэм игу ири-
хьыр. [20]Мыхъун фщIауэ къыщывэуэкIэ, фигукIэ шыIэныгъэ
зивгъэIэми, фэркIэ сыт хуэдэ щIыхь абы хэлъыр? ФIы фщIэ
пэтми, гугъуехь щывагъэшэчкIэ, фигукIэ шыIэныгъэ зивгъэIэ-
ныръщ Тхьэм игу ирихьыр. [21]Апхуэдэу фыпсэуну Тхьэм фыкъы-
хуриджащ, Мэссихьи фэр щхьэкIэ гугъуехь ишэчащ, и лъэу-
жьым фрикIуэн папщIэ, щIапхъэхэр фигъэлъэгъуащи.

[22] «Гуэныхь лъэпкъ ищIакъым езым,
узыгъэпцIэн псалъи и жьэм
къыжьэдэкIакъым».*

[23]КъыхуэхъущIэу щытахэми яхуэхъущIэжакъым ар. Гугъуехь
езыгъэшэчу щытахэми, «Сэ ар фэзгъэпшыныжынущ», жиIэу пэу-
вакъым, ауэ а Iуэхур Тхьэуэ цIыхухэм хьэкумыр захуагъэкIэ
ятезыщIыхьым ирихьэлIащ. [24]Жорым щраIулIым, ди гуэныхь-
хэр къытщхьэщихыурэ, абыхэм яхуэфащэ гугъуехьыр езым и
пкъым трилъхьащ, гуэныхь щIэным дыкъыбгъэдишыжу, щып-
къагъэм дыхуэпсэун щхьэкIэ. Абы и уIэгъэхэмкIэ фигъэхъужащ.
[25] Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ фэ мэл щхьэрыуахэм фахуэдэти, фи
псэхэм я хъумакIуэм икIи фи мэлыхъуэм деж иджы фыкъэ-
кIуащ.

## 3-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*ЛIыхэмрэ фызхэмрэ я зэхущытыкIэр*

Фэ, фызхэм, нывжызоIэ, филIхэм фахуэIурыщIэ. Ар фщIэмэ,
абыхэм ящыщхэр Тхьэм и псалъэхэм емыдаIуэми, фэ, фызхэм,

2:22 къыжьэдэкIакъым – еплъ Ешайа бегъымбарым и тхылъым 53:9.

зыри жывмыIэми, фи псэукIэр зэралъагъум щхьэкIэ фIэщхъу-
ныгъэ яIэ хъунущ, [2]фигу къабзэу, Тхьэм фыфIэлIыкIыу фызэ-
рыпсэум гу лъатэмэ. [3]Дахэ фызыщIыр фи теплъэрауэ щремыт,
щхьэц ухуэнынри, дыщэкIэ зывгъэдэхэнри, щыгъын дахэхэри
арауэ иремыхъу, [4]атIэ цIыхухэм ямылъагъуу фи гум илъу, гуща-
багъэмрэ гузэгъэгъуэмрэ къыхэкI дахагъэ мыкIуэдыжырауэ
ирехъу дахэ фызыщIыр. Тхьэм дежкIэ абы уасэшхуэ иIэщ.
[5]Аращ пасэм цIыхубз лъапIэу Тхьэм щыгугъахэм зызэрагъэ-
дахэу щыта щIыкIэр, ялIхэми яхуэIурыщIэу. [6]Апхуэдэу Сарэ,*
тхьэмадэкIэ еджэурэ, Ибрэхьим дэпсэуащ. ФIы щыфщIэкIэ
зыми фыщымышынэмэ, фэри Сарэ фрибынщ.

[7] Фэ, лIыхэм, нывжызоIэ, фи фызхэм фагурыIуэу фадэ-
гъуэгурыкIуэ. Ахэр фэр нэхърэ нэхъ гуащIэмащIэщ. ПщIэ
яхуэфщI, фэ фхуэдабзэу абыхэми Тхьэм и нэфI къащыхуэурэ
Iыхьэфlу гъащIэ къаретри. Апхуэдэу фщIэмэ, Тхьэм фыще-
лъэIукIэ, зыри къыфпэувыфынукъым.

### *МэссихькIэ фIэщхъуныгъэ зиIэхэм фIы зэращIэм щхьэкIэ яшэч гугъуехьыр*

[8]ИкIэм-икIэжым, зэнэзэпсэу фызэдэпсэу. Зыр зым хуэгу-
мащIэу, къуэшыгъэ фяку дэлъу, фIыуэ фызэрылъагъуу, гущIэ-
гъу фиIэу, пагагъэ фи гум имылъу фыщыт. [9]Бзаджагъэм бза-
джагъэкIэ фыпемыгъуэкI, къыфщIэнакIэм фыщIэмынэкIэж.
Абы и пIэкIэ, «Тхьэм и нэфIыр къыфщрехуэ», яжефIэ; и бынхэм
ящыщ фыхъуну Тхьэм фыкъыщIыхуриджар абы и нэфIыр
къызэрыфщыхуэнур фэ Iыхьэфlу къыфлъысыну арщ. [10] Сыт
щхьэкIэ жыпIэмэ

«ГъащIэр фIыуэ зылъагъуу,
махуэфIхэр зылъагъуну хуей цIыхум
бзаджэ жыIэным и бзэр щрехъумэ,
и Iупэхэри хьилагъэм щрехъумэ.
[11]Бзаджагъэм пэIэщIэ зрырещI, фIы ирелэжь.
ЗэгурыIуэныгъэм лъыхъуэу, и ужь ирырет.
[12]Зиусхьэным и нэIэр
щыпкъагъэ зигу илъ цIыхухэм ятрегъэт.

3:6 Сарэ – еплъ 1 Мусэ 18:12.

Ахэр щелъэIукIэ, ар къодаIуэ.
Ауэ бзаджащIэхэм Зиусхьэным и щIыбыр яхуегъазэ,
(дунейм ахэр тригъэкIуэдыкIын щхьэкIэ)».*

[13]ФIы щIэным и ужь фи фIэщу фитмэ, хэт зэран къыфхуэхъун зылъэкIынур? [14]Ауэ щыпкъагъэм щхьэкIэ гугъуехь фшэчмэ, гъуэгу махуэ фытеуващ. Аращи, цIыхухэм зевмыгъэгъэшынэ икIи зыми зевмыгъэгузавэ. [15]Зиусхьэну Тхьэр фигукIэ вгъэлъапIэ. Фи гугъапIэмкIэ хэт къывэупщIми, Iэдэбу, Тхьэм и фIэлIыкI фигу зэрилъымкIэ жэуап ефтыжыну сыт щыгъуи хьэзыру фыщыт. [16]МыхъумыщIэ лъэпкъ зыдэвмыщIэжу фигухэр къабзэу щывгъэт, Мэссихь зи гум илъхэм яхуэфащэу фи псэукIэ тэрэзым къыщIэнакIэхэр жаIахэмкIэ укIытэжын щхьэкIэ. [17]Тхьэр апхуэдэу хуеймэ, фIы зэрыфщIэм щхьэкIэ гугъуехь фшэчыныр нэхъыфIщ, бзаджэ щIэным щхьэкIэ гугъуехь фшэчыным нэхърэ. [18]Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Мэссихь Тхьэм дыбгъэдишэн щхьэкIэ, ди гуэныхьхэм папщIэ гугъуехь зэ ишэчащ, абыхэм папщIэ афIэкIа имышэчыжыну. Щыпкъагъэ игу илъу, щыпкъагъэ зигу имылъхэм щхьэкIэ гугъуехь ишэчащ абы. ЦIыхухэм щалIым, лIэн хуей цIыхут ар. Тхьэм ар лIахэм къащыхигъэтэджыкIыжым, мылIэжын щыт псэуэ щытт. [19]И псэм и лъэкIыныгъэкIэ щIыпIэ кIыфIым* хэс псэхэм я деж кIуэри, Тхьэм и хъыбарыр* яхуиIуэтащ. [20]Ахэращ Нухь бегъымбарым* кхъухьыр щищIа махуэхэм Тхьэр шыIэныгъэшхуэкIэ къапэплъэу щыта пэтми, езым емыдэIуахэр.* Кхъухьым исар цыху зыбжанэт - цIыхуийт зэрыхъур; цIыхуийри псым щымыкIуэду къелъащ. [21]Апхуэдэу, Хьисэ Мэссихь лIахэм къазэрыхэтэджыкIыжам щхьэкIэ, зевгъэумэхъыурэ фымыкIуэду Тхьэм иджы фыкърегъэл. Зевгъэумэхъын жыхуэсIэр фипкъхэм фIеигъэр ятевгъэкъэбзыкIыныр аракъым, атIэ мыхъумыщIэ лъэпкъ фигукIэ зыдэвмыщIэжу

3:10-12 Еплъ Уэрэд ЛъапIэхэм (Сабур) 33:13-17.

3:19 щIыпIэ кIыфIыр – хьэдрыхэ.

3:19 Тхьэм и хъыбарыр – е хъыбару Тхьэм езымкIэ фIэщхъуныгъэ зиIэхэр мыкIуэду къызэрыригъэлынур арщ, е хъыбару Тхьэм цIыхухэм я бзаджагъэр къазэрыригъэпшыныжынур арщ.

3:20 Нухь бегъымбарыр – еплъ 1 Мусэ 6:1-7:24.

3:20 Тхьэм емыдэIуахэр – Нухь бегъымбарым и зэманым псэуа цIыхуу абы кхъухьыр щищIым ар зэрищIыр зымыдахэр арщ.

3:20 цIыхуий – Нухь бегъымбарыр, абы и щхьэгъусэр, Нухь и къуэхэр, абыхэм я щхьэгъусэхэр.

Тхьэм фыхуэпэжыну псалъэ ефтыныр аращ. [22]Хьисэ Мэссихь
уафэм дэкIуеяуэ Тхьэм и ижьырабгъумкIэ бгъэдэтIысхьауэ
щысщ иджы, мелыIычхэри, тепщэныгъэрэ лъэкIыныгъэрэ
зиIэхэри къыхуэIурыщIэу.

## 4-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*ФIэщхъуныгъэ зимыIэхэм хуэдэу фымыпсэу*

Аращи, Мэссихь и пкъымкIэ гугъуехь зэришэчам щхьэкIэ
фэри абы и гупсысэкIэкIэ фигу вгъэбыдэн хуейщ, сыт щхьэкIэ
жыпIэмэ зипкъкIэ гугъуехь зышэчар гуэныхь Iуэху хэтыжкъым.
[2]Абы къыхэкIкIэ, мы дунейм щыдгъэщIэну къытхуэнэжа пIа-
лъэм цIыхухэр зыщIэхъуэпс Iуэху нэпцIхэм дыдахьэхауэ ды-
мыпсэууэ, Тхьэр зыхуейм дытету дывгъэпсэу. [3]Тхьэр зымыщIэ
цIыхухэм я псэукIэм хуэдэу, фэри пасэрей зэманым фызэры-
псэууэ щытар куэдкъэ? МыхъумыщIэ псэукIэм зефтурэ фы-
псэуащ, хъуэпсэныгъэ фIейхэм фыкърашэкIыу щытащ, удэфэн-
ми ефэ-ешхэми щхьэрутIыпщу фыхэтащ. Тхьэ нэпцI гъэлъэпIэ-
ным фыхэтащ. [4]Абыхэм я  псэукIэ мыхъумыщIэу гъунэ
зимыIэмкIэ иджы гъусэ фазэрыхуэмыхъум щхьэкIэ
ягъэщIагъуэ икIи къыфхущIоджэ. [5]Ауэ псэухэми лIахэми
хьэкум ятезыщIыхьыну Тхьэм жэуап иратын хуейщ абыхэм
куэд дэмыкIу. [6]Мэссихь лIахэми* хъыбарыфIыр* яхуиIуэтащ.
Ахэр мы дунейм щытетым, хьэкум ятрищIыхьащ Тхьэм, цIыху
псоми зэратрищIыхьым хуэдэу. Мэссихь хъыбарыфIыр
щIахуиIуэтар лIахэм, Тхьэр зэрыпсэум хуэдэу, ахэри псэун
щхьэкIэщ.

[7]Ауэ щыIэ псоми я кIэухыр къэблэгъащ. Аращи, Тхьэм фе-
лъэIуфын щхьэкIэ, зэхэщIыкIи зышыIэныгъи зивгъэIэ. [8]Псом
япэрауэ фи фIэщу фIыуэ фызэрылъагъу, фIылъагъуныгъэм гуэ-
ныхь куэд егъэгъури. [9]Фымытхьэусыхэу зыр зым вгъэхьэщIэ.
[10]Тхьэм и нэфI къыфщыхуэу лъэкIыныгъэ Iэджэу фи Iэм кърилъ-

4:6 лIахэми – еплъ 1 Петр 3:19

4:6 хъыбарыфIыр – еплъ 1 Петр 1:12.

хьам ирикъуу фрилажьэурэ, Тхьэм хэти и Iэм кърилъхьа
лъэкIыныгъэхэмкIэ и фIагъ адрейхэм ярырегъэкIыж. [11]Псалъэ
жызыIэм Тхьэм деж къикI псалъэхэр къыжреIэж. Зи сэбэп
цIыхухэм езыгъэкIым Тхьэм къару къритымкIэ и сэбэп
ирегъэкI. Ар фщIэмэ, Хьисэ Мэссихь фи гум зэрилъым щхьэкIэ
фщIэ псомкIэ цIыхухэм Тхьэм щIыхь хуевгъэщIынущ. МыкIуэ-
дыжын щIыхьышхуэри лъэкIыныгъэшхуэри абы ейщ. Iэмин.

*Мэссихь и гъуэгу фызэрырикIуэм*
*щхьэкIэ гугъуехь фшэчынущ*

[12]ФIыуэ слъагъухэ, фи щыпкъагъэр зыгъэунэху гугъуехьы-
шхуэу фшэчыр* фымыгъэщIагъуэ икIи къывэуалIэр гъэщIэгъуэн
къыфщремыхъу. [13]Мэссихь ишэча гугъуехьхэмкIэ Iыхьэ зэры-
виIэм щхьэкIэ фыгуфIэ, Мэссихь щIыхьышхуэ иIэу къыщы-
лъэгъуэну махуэм гуфIэгъуэшхуэ фиIэнущи. [14]Мэссихь и цIэр
зэрывгъэлъапIэм щхьэкIэ цIыхухэр къыфхуэхъущIэмэ, гъуэгу
махуэ фытеуващ, Тхьэм и Псэ ЛъапIэу щIыхьышхуэ зиIэр фи
гъусэщи. [15]Фщыщ гуэрым гугъуехь ишэч хъумэ, щIишэчыр е
цIыху укIынкIэ, е дыгъуэнкIэ, е бзаджэщIагъэкIэ, е и Iуэху зы-
хэмылъым зэрыхэIэбэм къыхэкIу иремыхъу. [16]Ауэ Мэссихь и
гъуэгу зэрырикIуэм щхьэкIэ зыгуэрым гугъуехь ишэчмэ, ире-
мыукIытэ, Мэссихь и гъуэгу ирикIуэхэм зэращыщым щхьэкIэ,
Тхьэм щIыхь хурырещI. [17]Тхьэм езым и бынхэм хьэкум трищIы-
хьыну щиублэну зэманыр къэсащ. ИкIи и хьэкумщIэныр
япэщIыкIэ дэркIэ къиублэмэ, Тхьэм и хъыбарыфIым емыда-
Iуэхэм сыт къащыщIынур?

[18] «Щыпкъагъэ зигу илъ цIыхухэр
ерагъкIэ мыкIуэду къелмэ,
Тхьэм и фIэлIыкI зи гум имылъхэми
гуэныхь зыщIэхэми я Iуэху дауэ зэрыхъунур»?*

[19]Аращи, Тхьэр зыхуейм тету гугъуехь зышэчхэм Тхьэуэ ахэр
къэзыгъэщIауэ узыщыгугъын хуейм и IэмыщIэ зрыралъхьи, фIы
ирыращIэ.

4:12 фи щыпкъагъэр зыгъэунэху гугъуехьышхуэу фшэчыр – Мэссихь и гъуэгу фызэрырикIуэм щхьэкIэ гугъуехьу фшэчыращ.

4:18 щыпкъагъэ … я Iуэху зэрыхъунур – еплъ Сэлмэн пащтыхьым и псалъэжьхэм (Притчи) 11:31.

# 5-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Мэлыхъуэм мэлхэр хуэсакъыу зэрихъумэм хуэдэу,*
*Тхьэм и цIыхухэм фи нэIэ ятевгъэт*

Члисэ зэхуэсым и нэхъыжь къыфхэтхэм сыныволъэIу. Сэри
члисэ зэхуэсым и нэхъыжьхэм сащыщщ. Мэссихь ишэча гу-
гъуехьхэм сращыхьэтщ, Мэссихь и щIыхьышхуэ къэкIуэнумкIи
Iыхьэ сиIэнущ. СызэрынывэлъэIур мыращ:
2 Мэлыхъуэм и нэIэ мэлхэм зэратригъэтым хуэдэу, фэри
Тхьэм и цIыхухэу фи деж щыпсэухэм мэлыхъуэ фахуэхъуи, фи
нэIэ ятевгъэт, хэгъэзыхь хэмылъу, фи гуапэу, Тхьэм зэрыфIэза-
хуэм хуэдэу. Мылъкум фыщIэмыхъуэпсу, абыхэм фи фIэщу фа-
хуэлажьэ. 3 Ауэ фи IэмыщIэ илъ цIыхухэм хэгъэзыхькIэ тепщэ-
ныгъэ яхувиIэу фадэмыгъуэгурыкIуэ, атIэ абыхэм щапхъэ
фахуэхъун щхьэкIэ, фIы влэжь. 4 ИтIанэ япэрей мэлыхъуэ Мэс-
сихьыр къыщылъагъуэкIэ, текIуэныгъэм и таж щIыхьышхуэ
зиIэу мыкIуэдыжынур къывитынущ.
5 Фэ, ныбжьыщIэхэри, нэхъыжьхэм фахуэIурыщIэ. Пагагъэ
фи гум имылъу фызэхущыт, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ

«Тхьэр поув пагагъэ зи гум илъ цIыхум,
и нэфI щохуэ пагагъэ зи гу имылъым».

6 Аращи, лъэкIыныгъэ зиIэ Тхьэм и пащхьэм зыщывгъэлъа-
хъшэ, езым къигъэлъэгъуа зэманыр къыщыскIэ фыкъиIэтыжын
щхьэкIэ. 7 Фи гуныкъуэгъуэ псори Тхьэм ефхьэлIэ, абы и нэIэ
къыфтригъэтщи.
8 ЗыфшыIэ икIи фымыжейуэ фысакъ. Фи бий шейтIаным,
зыIуригъэлъэдэн лъыхъуэурэ, къеущыхь аслъэн гъуахъуэм хуэ-
дэу. 9 ФIэщхъуныгъэм и гъуэгум фыкъимыкIуэтыжу фытету,
шейтIаным фыпэув, сыту жыпIэмэ дунейм тет фи къуэш псоми
апхуэдэ гугъуехьхэр зэрашэчыр фэ фощIэ.
10 НэфI щыхуэныгъэ псори зиIэ Тхьэм езым и щIыхьышхуэу
мыкIуэдыжынумкIэ Iыхьэ фиIэну фыкъыхуриджащ Мэссихь

5:5 и нэфIыр къыщохуэ – еплъ Сэлмэн пащтыхьым и псалъэжьхэм (Притчи) 3:34.

Хьисэ фи псэм зэрыщыщым щхьэкIэ. Зы мащIэкIэ гугъуехь фшэча нэужь, езы Тхьэм фыкъызэфIигъэувэжынущ, фигухэр игъэбыдэнурэ, фIэщхъуныгъэм и гъуэгум фыкъимыкIуэтыжу быдэу фытригъэтынущ. [11]МыкIуэдыжын лъэкIыныгъэшхуэр Тхьэм ейщ. Iэмин.

*Иужьрей фIэхъус псалъэхэр*

[12] Къуэш пэжу слъытэ Силуан* къыздэIэпыкъуурэ мы мащIэр ныфхузотх. НыщIэстхыр фи фIэщ сщIыну, къывгурызгъэIуэну икIи Тхьэм и нэфI щыхуэныгъэм теухуауэ сэ нэстхар зэрыпэжым щыхьэт сытехъуэну аращ. Гъуэгу щыпкъэм фытемыкI, Тхьэм и нэфIым зыхэвмыгъэн.

[13]Тхьэм фыкъызэрыхихам хуэдэу, Бабилэн* щыIэ члисэ зэхуэсу Тхьэм къыхихам фIэхъус къывехыж. Си къуэ Марки* фIэхъус къывехыж. [14]ФIылъагъуныгъэкIэ IэплIэ зэфшэкIыурэ фIэхъус зэфх.

Фэ, Мэссихь зи псэм щыщ псоми фигу ирезагъэ. Iэмин.

5:12 Силуан – Паул дэлажьэу и гъусэхэм ящыщар арагъэн хуейщ. Еплъ Апост. 15:22-18:5.

5:13 Бабилэн – абы къикIын хуейр Рим къалэшхуэрщ. Еплъ Апокал. 18.

5:13 Марк – Иуану МарккIэ зэджэр арагъэн хуейщ. Еплъ Кол. 4:10. Апхуэдэу щыхъукIэ, «си къуэм» Петр къригъэкIар «си дэIэпыкъуэгъущ».



# АПОСТОЛ ПЕТР И ЕТIУАНЭ ТХЫЛЪ

## 1-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*ФIэхъус*

Сэ, Симон Петр, мы тхылъыр сотх. Сэ Хьисэ Мэссихь сыхуолажьэ, абы сриапостолщ.

Ди Тхьэуэ дыкъезыгъэлыр Хьисэ Мэссихьщ. Абы и захуагъэщ зыми пэпщI мыхъун фIэщхъуныгъэ диIэ зэрыхъуар, апхуэдэ фIэщхъуныгъэ зиIэ хъуа цIыхухэращ мы тхылъыр зыхуэстхыр.

[2] Ди Тхьэмрэ ди Зиусхьэну Хьисэ Мэссихьрэ фIыуэ зэрыфщIэм щхьэкIэ Тхьэм и нэфI къыфщрехуи гузэгъэгъуэшхуэ къыфлърес зэпыт.

*Тхьэм и бынхэм ящыщ фыхъуну фыкъызэрыхуриджари фыкъызэрыхихари вгъэпэж*

[3] Тхьэм и фIэлIыкI ди гум илъу дыпсэун щхьэкIэ, дызы-
хуэныкъуэ псори Мэссихь Тхьэм и лъэкIыныгъэшхуэкIэ къыди-
тащ. Ар щIилэжьар Тхьэуэ зи щIыхьышхуэкIи и фIыгъуэ-
шхуэкIи и бынхэм ящыщ дыхъуну дыкъыхуезыджар зэрытщIэ-
ращ. [4]Апхуэдэу Тхьэм дыкъызэригъэгугъа Iыхьэшхуэу уасэшхуэ
зиIэхэр къыдитащ, абыхэмкIэ дунейм щызекIуэ хъуэпсэныгъэ

Iейуэ цIыхухэр зыгъэкIуэдхэм пэIэщIэ зыфщIу, Тхьэм и хьэл-
щэнымкIэ Iыхьэ фиIэн щхьэкIэ.

[5]Арацщи, фи фIэщхъуныгъэр фIыгъуэкIэ къызэрывгъэбагъуэ-
ным и ужь фит; фIыгъуэр щIэныгъэкIэ вгъэбагъуэ; [6]щIэныгъэр
зышыIэныгъэкIэ вгъэбагъуэ; зышыIэныгъэр теубыдагъэкIэ
вгъэбагъуэ; теубыдагъэр Тхьэм и шынагъуэкIэ вгъэбагъуэ;
[7]Тхьэм и фIэлIыкI зэкъуэшыныгъэкIэ вгъэбагъуэ; зэкъуэшыны-
гъэр фIылъагъуныгъэкIэ вгъэбагъуэ. [8]А псори фхэлъмэ икIи
ахэр вгъэбагъуэмэ, зыгуэр къывэмыуалIэу, фIы гуэри къыфдэ-
мыкIуэу къэнэнкъым, ди Зиусхьэну Хьисэ Мэссихь нэхъ благъэ
фыхуэхъунущ. [9]Ауэ а Iуэхухэр зымылэжь цIыхур нэфщ, и напIэ
зэтепIащ. А цIыхум и гуэныхьхэр и гум Тхьэм зэрыригъэ-
къэбзыкIыжар щыгъупщэжащ.

[10]Апхуэдэу зэрыщытым щхьэкIэ, си къуэшхэ, Тхьэм и бынхэм
ящыщ фыхъуну фыкъызэрыхуриджар икIи фыкъызэрыхихар
зэрывгъэпэжыным сыт щыгъуи нэхъыбэрэ фыхущIэкъу. Ар
влъэжьмэ, Тхьэм и гъуэгум зэи фытекIынукъым, [11]апхуэдэ щIы-
кIэкIэ ди Зиусхьэну, дымыкIуэду дыкъезыгъэл Хьисэ Мэссихь
и Тепщэныгъэшхуэу мыкIуэдыжынум фыщIыхьэну хуит фы-
хъунущ.

[12]Арацщи, а Iуэхухэр влэжьу икIи щыпкъагъэу фиIэм быдэу
фытет пэтми, ахэр фи гум сыт щыгъуи къэзгъэкIыжынущ. [13]Си
пкъым и шэтырым сыщIэтыху, мы Iуэхухэр фи гум къэзгъэкIы-
журэ фыкъэзгъэушыныр фIыуэ солъытэ. [14] Куэд дэмыкIыу си
псэр си пкъым зэрыхэкIыжынур сощIэ, ди Зиусхьэн Хьисэ Мэс-
сихь къызэрызгуригъэIуам хуэдэу. [15]Мы дунейм сехыжа нэужьи,
мы Iуэхухэр сыт щыгъуи фи гум къызэрывгъэкIыжыфынум
иджы сыхэтынущ.

### *Апостолхэм къыжаIа хъыбарыр пэжщ*

[16]Хьисэ Мэссихь лъэкIыныгъэшхуэу иIэмрэ дунейм къызэри-
гъэзэжынумрэ я хъыбарыр къыщыфхуэтIуатэм деж, IущыгъэкIэ
дэ къэдгупсысауэ таурыхъхэр нывжетIэу аракъым, атIэ езым и
щIыхьышхуэр дэ ди нэкIэ тлъэгъуащ. [17]Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ,
«Мыращ сэ фIыуэ слъагъу си Къуэ щIасэу си гум ирихьыр»,*

1:17 Мыращ сэ фIыуэ слъагъу си Къуэ щIасэу си гум ирихьыр – еплъ Маттэ 17:1-8; Марк 9:2-8; Лука 9:28-36.

жиIэу, щIыхьышхуэ зиIэу Тхьэуэ Лъагэм и макъыр Хьисэ
щызэхригъэхым, Тхьэуэ Адэ лъапIэм лъытэныгъэшхуэрэ
щIыхьышхуэрэ абы хуигъэфэщащ. [18]Уафэм къиIукIа а макъыр
ди тхьэкIумэхэмкIэ зэхэтхащ, абы дригъусэу Iуащхьэ лъапIэм
дытетащи.

[19]Абы нэмыщIу, бегъымбархэм къыжаIауэ, иджыри нэхъ
дзыхь зыхуэпщI хъунухэр щыIэщ. Нэху щыуэ,* нэхущ вагъуэр*
фи гум къыщыкъуэкIыху, абыхэм къыжаIа псалъэу щIыпIэ
кIыфI гуэрым къыщынэху уэздыгъэм ещхьхэм фахуэсакъыурэ
федаIуэмэ, фIы фощIэ. [20] Псом япэу мыр фщIэн хуейщ: Тхьэм и
псалъэ тхахэм хэту бегъымбархэм къыжаIахэр езыр-езыру зэхи-
хун зыми лъэкIынукъым. [21]Бегъымбархэм я псалъэхэр езыр-
езыру жаIакъым, атIэ Тхьэм и Псэ ЛъапIэм а псалъэхэр бе-
гъымбархэм я гум кърилъхьэри къаригъэIуэтащ.

# 2-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Бегъымбар нэпцIхэмрэ дин егъэджакIуэ нэпцIхэмрэ*
*(Иудэ 4-13)*

Тхьэм и лъэпкъым бегъымбар нэпцIхэри яхэтащ. Апхуэдэу,
дин егъэджакIуэ нэпцIхэр фэри къыфхэтынущ. ЦIыхухэм гу
лъамытэу, ахэр зыгъэунэхъун Iуэхугъуэхэр ирагъэщIэнущ. Зиус-
хьэну я щхьэхэр къэзыщэхужари ядэнукъым. Апхуэдэу щы-
хъукIэ, езыхэм епIэщIэкIыу загъэунэхъуж. [2]Абыхэм я мыхъу-
мыщIэ псэукIэм и гъуэгум цIыху куэд техьэнущ, щыпкъагъэм
и гъуэгуми цIыху куэд хуагъэхъущIэнущ. [3]Я нэпсеягъэкIэ псалъэ
нэпцIхэр къыжаIэурэ, фи фIагъ зрагъэкIынущ. Тхьэм ахэр
зэригъэкъуаншэрэ куэд щIащ, Тхьэуэ ахэр зыгъэкIуэдынур
жейркъым.

[4]Тхьэр гуэныхь зыщIа мелыIычхэм ящысхьакъым, атIэ Iэхъу-
лъэхъухэр ярилъхьэри, цIыхухэм я хьэкумыр щатрищIыхьыну
къемэтмахуэм нэсыху жыхьэнмэм и кIыфIыгъэм хэтыну ят-
рилъхьащ. [5]Ижь зэманми Тхьэр дунейм къыщысхьауэ щы-
такъым, Тхьэм и фIэлIыкI зи гум имылъ цIыхухэм я дунейм

1:19 нэху щыуэ – Мэссихь дунейм къыщыкIуэжыну махуэр аращ.

1:19 нэхущ вагъуэр – Мэссихь и нэхур аращ.

псыдзэшхуэр* къыщыщIигъауэм. Нухь бегъымбарым щыпкъа-
гъэм и гъуэгум и хъыбарыр иIуатэу зэрыщытам щхьэкIэ, цIы-
хуибл и гъусэу Тхьэм ар мыкIуэду къригъэлащ. 6Содом, Iаморэ
къалэхэр* кIуэдыну Тхьэм игъэкъуаншэри, сахуэ фIэкI къэмы-
нэу мафIэкIэ игъэсащ. Абыхэм къащыщIамкIэ Тхьэм и фIэлIыкI
зи гум имылъ цIыхухэм къащыщIынур апхуэдэу къигъэлъэ-
гъуащ. 7Щыпкъагъэ зигу илъ ЛутIу* Тхьэм и унафэхэм текIа
цIыхухэм я мыхъумыщIэ псэукIэм къыхэкIкIэ ешар абыхэм
ядэмыкIуэду Тхьэм къригъэлащ, 8сыт щхьэкIэ жыпIэмэ мы лIы
щыпкъэм цIыхухэм хабзэ зыхэмылъ Iуэхугъуэу ящIэу щытар
щилъагъукIэ икIи щызэхиххIэ и гу щыпкъэм махуэ къэси
къеуэрти. 9Тхьэм и фIэлIыкI зи гум илъхэм я щыпкъагъэр гъэу-
нэхуа щыхъукIэ, Тхьэм ахэр къиным къызэрыхишыжыну щIы-
кIэр ещIэ. Щыпкъагъэ зигу имылъхэми я бзаджагъэр яригъэ-
пшыныжын щхьэкIэ, къемэтмахуэм нэсыху къызэрихъумэну
щIыкIэри ещIэ абы, 10псом хуэмыдэу цIыхуу зи гуэныхьыщIэ
хьэл-щэныжьым и хъуэпсэныгъэ фIейхэм зэрашэу, тепщэныгъэ
зиIэхэр зэзымыпэсхэр.

Уафэм тепщэныгъэ щызиIэхэми пхъашэу, ерыщу хуэшхыдэ-
ным щышынэркъым ахэр. 11МелыIычхэм а цIыхухэм нэхърэ
нэхъ лъэкIыныгъи нэхъ тепщэныгъи яIэ пэтми, Тхьэм и пащхьэм
абыхэм щахуэшхыдэркъым икIи щагъэкъуаншэркъым. 12Мы
цIыхухэр зыхуэдэр акъыл зимыIэ хьэкIэкхъуэкIэу я хьэл Iейуэ
къыдалъхуам крихуэкIхэращ. А цIыхухэр яубыдын икIи
ягъэкIуэдын щхьэкIэ, къалъхуащ. Зыри зыхамыщIыкI Iуэхухэм
яхуошхыдэ. НэгъуэщI цIыхухэр зэрагъэунэхъумкIэ езыхэм
загъэунэхъуж.

13Взаджагъэу ящIам хуэфащэр ягъуэтыжынущ. Махуэ къэси
ахъшэ куэд зытрагъэкIуадэу, загъэтхъэжыну псэуну яфIэфIщ.
КъыщывдэшхэкIэ, щIыкIейуэ икIи напэтехыу щытхэурэ,
фыкъызэрагъапцIэмкIэ загъэтхъэж. 14Зинэ щIэным я нэ къы-
хуокI, гуэныхь щIэнымкIэ загъэнщIын ялъэкIыркъым. Тхьэм и
гъуэгум быдэу темытхэр дашэх. Ягухэр нэпсеягъэм етащ. Абы-
хэм Тхьэм и ней къащыхуащ. 15Гъуэгу захуэм текIри, гъуэщащ

---

2:5 псыдзэшхуэр – еплъ 1 Мусэ 6:1-7:24.

2:6 Содом Iаморэ къалэхэр – еплъ 1 Мусэ 19:24-25.

2:7 ЛутI – еплъ 1 Мусэ 9:1-16,29.

ахэр. Босор и къуэу Билеам* зи цIэм и гъуэгум техьащ. Ахъшэ
къыхэхъуэн щхьэкIэ, бзаджагъэ ищIэну зыфIэфIар аращ. 16Ауэ
бзаджагъэу ищIам щхьэкIэ, шыд гуэр къегиящ. Шыду бзэ зи-
мыIар цIыху макъкIэ къэпсалъэри, бегъымбарым и делагъэм
пэуващ.

17А цIыхухэр псынэ гъужам икIи жьышхуэм зэрихуэ пшэхэм
яхуэдэщ. МыкIуэдыжын кIыфIыгъэм и кууупIэр Тхьэм абыхэм
Iыхьэ яхуищIащ. 18Абыхэм пагагъэ зыхэлъ псалъэхэмрэ пщIэ
зимыIэ псалъэхэмрэ къыжаIэурэ, гъуэгу пхэнжым гъуэщауэ
тетхэм къаIэщIэкIыжыну хуежьа цIыхухэр дашэх. Ахэр зэры-
дашэх щIыкIэр мыращ: цIыхум и гуэныхьыщIэ щэныжьыр
зыщIэхъуэпс Iуэхухэр ялэжьынэуи мыхъумыщIэ псэукIэм
зратынуи ягъэгушхуэ ахэр. 19ЩхьэхуитыныгъэумжыхуаIэмкIэ
ягъэгугъэ, ауэ езыхэр кIуэдыныгъэм и пщылIщ, сыт хуэдэу щыт-
ми, тепщэныгъэ къыпхузиIэм и пщылI ухъуащи. 20А цIыхухэм
ди Зиусхьэну икIи дымыкIуэду дыкъезыгъэл Хьисэ Мэссихь
зэрацIыхуамкIэ дунейм и бзаджагъэ фIейм пэIэщэ защIауэ, ауэ
итIанэ бзаджагъэм зрагъэубыдыжмэ, ар зытрагъэкIуэжурэ,
икIэм-икIэжым абыхэм я Iуэхур япэм нэхърэ нэхъ Iей мэхъу.
21Щыпкъагъэм и гъуэгур ящIэу щытауэ, итIанэ текIыжу я щIыб
унафэ лъапIэу апостолхэм къыхуагъэнам хуагъэзэным нэхърэ,
Мэссихь и хъыбарыфIым и гъуэгур ямыщIатэмэ, езыхэмкIэ
нэхъыфIт. 22Псалъэжь пэжым тету абыхэм къащыщIащ: «Хьэр*
и къэжьахуэм деж мэкIуэж» икIи «ягъэкъэбзэжа кхъуэр фIейм
зыхигъэукIуриену егъэзэж».

## 3-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Зиусхьэным дунейм къигъэзэжынудыкъигъэгугъащ*

Мыр етIуанэ тхылъу ныфхузотх, фIыуэ слъагъухэ. А тхы-
лъитIымкIи мы Iуэхугъуэхэр фигу къэзгъэкIыжурэ щыпкъагъэр
къывгурызгъэIуэну сыхэтщ. 2Бегъымбар лъапIэхэм къыжаIа

2:15 Билеам – еплъ 4 Мусэ 22:4-35.

2:22 хьэр – еплъ Сэлмэн пащтыхьым и псалъэжьхэм 26:11.

псалъэхэри ди Зиусхьэну КъегъэлакIуэм фи апостолхэм къажригъэIа унафэри фигу къэвгъэкIыжыну сыхуейщ.

[3]Псом япэрауэ мыр фщIэн хуейщ: Мы дунейм и иужьрей махуэхэм укIытэ зимыIэ щIэнэкIакIуэхэр къэхутэнущ. Я хъуэп-
сэныгъэ Iейхэм зэрашэу, [4]мыпхуэдэу жаIэнущ: «Хьисэ къигъэзэ-
жыну дыкъигъэгугъащ. АтIэ дэнэ щыIэ? Ди адэжьхэр дунейм ехыжащ, ауэ Тхьэм дунейр къыщигъэщIам къыщыщIэдзауэ псо-
ри зэрыщытам тетщ». [5]Апхуэдэу егупсысхэм Тхьэм и псалъэкIэ уафэхэмрэ щIылъэмрэ псым къыхищIыкIыу, псыкIэ куэд щIауэ къызэригъэщIар ящIэркъым. [6]Псыр Тхьэм пасэрей дунейм
къыщIигъауэри, игъэкIуэдыгъащ. [7]Апхуэдэу иджырей уафэ-
хэмрэ щIылъэмрэ а псалъэ дыдэмкIэ Тхьэм мафIэр хухихащ. Тхьэм цIыхухэм хьэкум ятрищIыхьынурэ, езым и фIэлIыкI зи гум имылъхэр щыкIуэдыну къемэтмахуэм нэсыху ахэр къи-
гъэнэнущ.

[8]Мы пэжыр фэркIэ мынахуэу щремыт, фIыуэ слъагъухэ: Зиус-
хьэным дежкIэ зы махуэр илъэс миным хуэдэщ, илъэс минри зы махуэм хуэдэщ. [9]ЦIыху гуэрхэм къазэрыщыхъум хуэдэу, Зиусхьэным цIыхухэр къызэригъэгугъар игъэзэщIэныр хигъэтIэ-
сэнукъым. Тхьэм шыIэныгъэ къыфхуиIэщ, сыт щхьэкIэ жыпIэ-
мэ зы цIыхуи кIуэдыну хуэмейуэ, цIыху псори я гуэныхьхэм хущIегъуэжыну хуейщ ар.

[10]Зиусхьэныр къыщыкIуэжыну махуэр уащхъуэдэмыщхъуэу дыгъуакIуэм хуэдэу къэсынущ. А махуэм макъышхуэ ящIу уафэхэр кIуэдыжынущ, мы дунейр къызыхэщIыкIа псори ма-
фIэм исынурэ кIуэдыжынущ. ЩIылъэри абы тет псори мафIэм исыжынущ.

[11,12]Псори апхуэдэу зэрыкIуэдыжынум щхьэкIэ, Тхьэм и ма-
хуэм фыпэплъэу, а махуэр нэхъ псынщIэу къызэрысыным и ужь фиту, фигу къабзэу Тхьэм фыфIэлIыкIыу фыпсэун хуейщ. А махуэр къыщыскIэ, уафэхэр мафIэкIэ кIуэдыжынущ. Дунейр къызыхэщIыкIахэр мафIэ гуащIэм игъэткIунущ. [13]Ауэ Тхьэм дыкъызэригъэгугъам тету, щыпкъагъэ здэщыIэ уафэщIэхэри щIылъэщIэри къызэрыунэхужынум дыпоплъэ.

[14]Аращи, фIыуэ слъагъухэ, абыхэм фызэрыпэплъэм щхьэкIэ, лажьэ зыри фимыIэу, зыми фызэригъэкъуэншэн лъэпкъ щы-
мыIэу икIи гузэгъэгъуэ фиIэу Тхьэм и пащхьэм фызэрихьэным и ужь фит. [15]ФымыкIуэду фыкъригъэлыну Iэмал къывитын щхьэкIэщ Зиусхьэным шыIэныгъэ щIиIэр, ар зыгурывгъаIуэ,

дэ фIыуэ тлъагъу ди къуэш Паул Тхьэм кърита акъылкIэ къы-
зэрыфхуитхам хуэдэу. 16Мы Iуэхугъуэхэм ар щытопсэлъыхь и
тхылъ псоми. ГурыIуэгъуейхэм фыщрихьэлIэнущ а тхылъхэм.
Теубыдагъэ зимыIэ цIыху акъылыншэхэм Паул и тхылъхэр
зэIагъэхьэ, адрей тхылъ лъапIэхэр зэрызэIагъэхьэм хуэдэу. Ап-
хуэдэу зэращIымкIэ хоукъуэ, лей зрахыж.

17Аращи, фIыуэ слъагъухэ, мыр фызэрагъэIущащи, Тхьэм и
унафэхэм текI цIыхухэм я гъуэгу пхэнжхэм фызэрытемыхьэнми
щыпкъагъэу фызытетым фызэрытемыкIыжынми фыхуэсакъ.
18Ди Зиусхьэну ди КъегъэлакIуэ Хьисэ Мэссихь и нэфIыр зэпы-
мыууэ къызэрыфщыхуэным икIи езыр нэхъыфIу зэрыфщIэным
и ужь фит. Ноби мыкIуэдыж махуэм нэсыхуи щIыхьышхуэр
ейщ абы. Iэмин.



# АПОСТОЛ ИУАН И ЯПЭ ТХЫЛЪ

## 1-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*ГъащІэ пэжыр къыдэзыт Псалъэр*

ЩІэдзапІэм къыщегъэжьауэ щыІауэ, дэ зэхэтхауэ, ди нэкІи
тлъэгъуауэ, дызэплъауэ, ди ІэхэмкІэ дызытеІэбар цІыхухэм гъа-
щІэ езыт Псалъэр арщ, аращ зи хъыбар къэтІуатэр. 2А гъащІэр
къэлъэгъуащ. Ар тлъэгъуащ, абы щыхьэти дыхуэхъуащ. А
мыкІуэдыжын гъащІэу Адэ лъапІэм деж щыІам икІи къытхуэ-
лъэгъуам и хъыбар фхудоІуатэ. 3Гъусэ фыкъытхуэхъун щхьэкІэ,
дэ тлъэгъуам икІи зэхэтхам и хъыбар фхудоІуатэ. Благъэ дызы-
хуэхъуар Адэ лъапІэмрэ Абы и Къуэ Хьисэ Мэссихьрэщ. 4Мыр
щІэттхыр фи гуфІэгъуэр нэгъэса хъун щхьэкІэщ.

*Тхьэр нэхущ*

5Тхьэм и Къуэм къыджиІа хъыбару фэ къыфхуэтІуатэр мы-
ращ: Тхьэр нэхущ, абы кІыфІыгъэ лъэпкъ хэлъкъым. 6Тхьэм
дригъусэу жытІэрэ, кІыфІыгъэм дыхэту дызекІуэмэ, пцІы доупс,
щыпкъагъи длэжьыркъым. 7Тхьэр нэхугъэм зэрыхэтым хуэдэу,
нэхугъэм дыхэту дызекІуэмэ, дызэгъусэщ, икІи Тхьэм и Къуэу
Хьисэм и лъыуэ жорым щыщІэкІам гуэныхь псори ди гум
ирегъэкъэбзыкІыж.

[8]Гуэныхь зыри димыIэу жытIэмэ, ди щхьэр къыдогъэпцIэж, щыпкъагъи ди гум илъкъым. [9]Ауэ ди гуэныхьхэмкIэ зыдумысыжмэ, ар щыпкъэу икIи захуэу зэрыщытым къыхэкIкIэ ди гуэныхьхэр къытхуигъэгъунущ икIи къуаншагъэ псори ди гум иригъэкъэбзыкIыжынущ. [10]Дэ гуэныхь дымыщIауэ жытIэмэ, Тхьэр пцIыупсу жытIауэ мэхъу, абы и псалъэхэри ди гум илъкъым.

## 2-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Мэссихь Адэ лъапIэм дэ тхуольэIу*

Фэ, си бынхэм хуэдэхэ, гуэныхь фымыщIэн щхьэкIэ, мыр ныфхузотх. Зыгуэрым гуэныхь ищIэмэ, Адэ лъапIэм дэ тхуелъэIуну зыгуэр щыIэщ – ар щыпкъагъэ зигу илъ Хьисэ Мэссихьщ. [2]Дэ гуэныхьу тщIахэр зыпшыныж къурмэныпхъэр Хьисэщ, ди гуэныхьхэм я закъуэкъым абы ипшыныжыр, атIэ дунейм тет цIыху псоми я гуэныхьхэр епшыныж.

[3]Тхьэр зэрытщIэр пэжу къэзыгъэнаIуэр абы и унафэхэр зэрыдгъэзащIэр арщ. [4]ЦIыху гуэрым, «Тхьэр сощIэ», жиIэ пэтми, Тхьэм и унафэхэр имыгъэзащIэмэ, ар пцIыупсщ, абы щыпкъагъи хэлъкъым. [5]Тхьэм и псалъэхэр зыгуэрым игъэзащIэмэ, Тхьэм и фIылъагъуныгъэр нэгъэсауэ а цIыхум игу илъ хъуащ. Тхьэр ди псэм зэрыщыщыр дэзыгъащIэр мыращ: [6]«Тхьэр си псэм щыщщ» жызыIэр Хьисэ зэрыпсэуам хуэдэу псэун хуейщ.

*УнафэщIэр*

[7]ФIыуэ слъагъухэ, унафэщIэ гуэру аракъым ныфхуэстхыр, япэм къыщыщIэдзауэ фиIа унафэжьыращ. А унафэжьыр хъыбару зэхэфхарщ. [8]Апхуэдэу щыт пэтми, унафэу ныфхуэстхыр унафэщIэщ; а унафэм и пэжыгъэр Мэссихь къыфхуигъэлъэгъуащ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ кIыфIыгъэр мэкIуэдыжри, нэху пэжыр къолъагъуэ.

[9]ЦIыху гуэрым «Сэ нэхум сыхэтщ» жиIэ пэтми, и къуэшыр* илъагъу мыхъумэ, ар кIыфIыгъэм хэтщ иджыри. [10]Зи къуэшыр

2:9 и къуэш – зы диным ирилажьэхэр зэкъуэш мэхъу.

фIыуэ зылъагъур нэхум хэтщ икIи абы гуэныхь ищIэну зыгъэ-
лъэпэрэпэн зыри щыIэкъым. [11]Ауэ зи къуэшыр жагъуэу зылъа-
гъур кIыфIыгъэм хэтщ икIи кIыфIыгъэм хэту зокIуэ, здэкIуэри
ищIэркъым, и нэхэр кIыфIыгъэм къыщипхъуащи.

[12]Фэ, си бынхэм хуэдэхэ, гуэныхьу фщIахэр Мэссихь и цIэкIэ
къызэрыфхуэгъуам щхьэкIэ сыныфхуотхэ. [13]Фэ, адэхэ, щIэдза-
пIэм къыщегъэжьауэ ЩыIэр* зэрыфщIэм щхьэкIэ сыныфхуотхэ.
Фэ, щIалэхэ, шейтIаным фызэрытекIуам щхьэкIэ сыныфхуотхэ.
Фэ, сабийхэ, Адэ лъапIэр зэрыфщIэм щхьэкIэ сыныфхуотхэ.
[14]Фэ, адэхэ, щIэдзапIэм къыщегъэжьауэ ЩыIэр* зэрыфщIэм
щхьэкIэ сыныфхуотхэ. Фэ, щIалэхэ, лъэкIыныгъэ зэрывиIэм
щхьэкIэ сыныфхуотхэ. Тхьэм и псалъэхэр фи гум илъщ фэ икIи
шейтIаным фытекIуащ.

[15]Мы дуней хьэхури мы дуней хьэхум и Iуэхугъуэхэри фIыуэ
фымылъагъу. Мы дунейр фIыуэ зылъагъу цIыхум и гум Адэ
лъапIэм и фIылъагъуныгъэр илъкъым. [16]Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ
мы дуней хьэхум и Iуэхугъуэхэр – цIыхухэм я гуэныхьыщIэ
щэныжьыр зыщIэхъуэпс Iуэхугъуэхэри, я нэхэр зыщIэхъуэпс
Iуэхугъуэхэри, цIыхухэр зэрыпагэ Iуэхугъуэхэри – Адэ лъапIэм
деж къикIыркъым, мы дунейращ ахэр къыздикIыр. [17]Мы дуней
хьэхури мы дуней хьэхум и Iуэхугъуэу цIыхухэр зыщIэхъуэпс-
хэри мэкIуэдыж, ауэ Тхьэр зыхуейр зыгъэзащIэ цIыхур игъа-
щIэкIэ щыIэнущ.

## *Антихрист*

[18]Фэ, си бынхэм хуэдэхэ, мыр иужьрей дыдэ зэманщ. Анти-
христ* къэкIуэну зэрызэхэфхам хуэдэу, Антихрист куэд къэ-
кIуащ иджы. Апхуэдэу, и ужь дыдэ зэманыр къызэрысар дощIэ.
[19]А цIыхухэр дэ къытхэкIащ, ауэ дэ тщыщакъым. Дэ тщыщу
щытамэ, ахэр ди деж къэнэнут. Ауэ дэ тхэкIащ, абыхэм ящыщ
зыри дэ зэрытщымыщыр нахуэ хъуащ а щIыкIэмкIэ.

[20]Мэссихьу езым и Псэ ЛъапIэр къыфхуригъэхащ фэ икIи
псоми щыпкъагъэр фощIэ. [21]Щыпкъагъэр фымыщIэу жысIэу
аракъым ныщIыфхуэстхыр, атIэ ар зэрыфщIэрщ. Щыпкъагъэм
пцIы зыри къызэрыхэмыкIынури фощIэ. [22]Хэт атIэ пцIы зыуп-

2:13 щIэдзапIэм къыщегъэжьауэ ЩыIэр – Хьисэ Мэссихьырщ.

2:18 Антихрист – Мэссихьым и бийр арщ.

сыр? Хьисэ зэры-Мэссихьыр зымыдэр арщ. Апхуэдэ цIыхуращ
Антихристыр – Адэ лъапIэри Къуэ лъапIэри зымыдэрщ. 23Къуэ
лъапIэр зымыдэм и псэм Адэ лъапIэри хэлъкъым. Къуэ лъапIэр
зыдэм и псэм Адэ лъапIэри хэлъщ.

24Аращи, япэм къыщыщIэдзауэ зэхэфхар фи гум сыт щыгъуи
ивгъэлъ. Япэм къыщыщIэдзауэ зэхэфхар фи гум сыт щыгъуи
илъмэ, Къуэ лъапIэри Адэ лъапIэри фи псэм сыт щыгъуи
хэлъынущ. 25Мэссихь дызэригъэгугъар мыкIуэдыжын гъащIэщ.

26Тхьэм и гъуэгум фытезыгъэкIыну и ужь итхэм ятеухуауэ
мы Iуэхугъуэхэр ныфхузотх. 27Мэссихь езым и Псэ ЛъапIэр фэ
къыфхуригъэхащ, и Псэри сыт щыгъуи фи гум илъынущ икIи
зыгуэрым зыгуэр фигъэщIэну фыхуэныкъуэкъым, Мэссихь и
Псэ ЛъапIэм Iуэхугъуэ псоми ятеухуахэр фегъащIэри. Абы
щыпкъагъэ иIэщ икIи пцIы хэлъкъым. Мэссихь зэрывигъэщIам
хуэдэу, езыр фи псэм сыт щыгъуи хэвгъэлъ.

*Тхьэм и бынхэр*

28Аращи, фэ, си бынхэм хуэдэхэ, Мэссихь мы дунейм къы-
щыкIуэжыну махуэр къэсу, езыр къыщылъагъуэкIэ, абы и пащ-
хьэм гушхуэныгъэ щыдиIэурэ, дыщымыукIытэжын щхьэкIэ,
ар фи псэм сыт щыгъуи хэвгъэлъ.

29 Мэссихь щыпкъагъэр игу зэрилъыр зэрыфщIэм щхьэкIэ
щыпкъагъэр зыгъэзащIэр Тхьэм зэрибынри фощIэ.

# 3-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

Адэ лъапIэм къытхуиIэ фIылъагъуныгъэшхуэм фегупсыс.
«Фэ фызибынщ», жеIэ. Абы и бынхэуи дыщытщ. Мы дунейм
и цIыхухэм дэ дыщIамыщIэр Адэ лъапIэр ящIэркъыми, аращ.
2ФIыуэ слъагъухэ, иджы Тхьэм дрибынщ, ауэ дызыхуэдэ хъунур
зэкIэ нахуэ хъуакъым. Ар нахуэ хъуа нэужь, езым хуэдэу дызэ-
рыхъунур дощIэ, ар зыхуэдэр тлъагъунущи. 3Мэссихь щыгу-
гъыу, апхуэдэу зэрыхъунури хьэкъыу пхыкIауэ пэплъэ дэтхэ-
нэми и гур егъэкъабзэ, Мэссихь и гур къабзэу зэрыщытым хуэ-
дэу.

[4]Гуэныхь зыщIэ дэтхэнэри Тхьэм и унафэм йобэкъуэ, гуныхь пщIэмэ, абы и унафэм уебэкъуауэ арщи. [5]Мэссихь дэ гуэныхьу тщIахэр тщхьэщихыну къызэрыкIуар фэ фощIэ. Абы езым гуэныхь лъэпкъ бгъэдэлъкъым. [6]Мэссихь зи псэм хэлъыр гуэныхь щIэным пыкIащ. Гуэныхь зыщIэ дэтхэнэми Тхьэр фIэщхъуныгъэкIэ илъэгъуакъым икIи ищIакъым.

[7]Фэ, си бынхэм хуэдэхэ, зыми зыкъевмыгъэгъапцIэ. Щыпкъагъэр зылэжьым и гум щыпкъагъэр илъщ, Мэссихь и гум щыпкъагъэр зэрилъым хуэдэу. [8]Гуэныхь зыщIэр шейтIаным и бынщ, щIэдзапIэм къыщегъэжьауэ шейтIаным гуэныхь ещIэри. Тхьэм и Къуэр мы дунейм къыщIэкIуар шейтIаным и Iуэхухэр игъэкIуэдыну арщ. [9]Хэти, Тхьэм и бынмэ, гуэныхь щIэным пэIэщIэ зищIынущ, Тхьэм абы игу кърилъхьар езым и Псэ ЛъапIэр арщ икIи ар Тхьэм и быным и гум сыт щыгъуи илъынущи. Тхьэм и Псэ ЛъапIэм гуэныхь ищIэн зэрылъэмыкIым къыхэкIэкIэ Тхьэм и бынми гуэныхь щIэным пэIэщIэ зимыщIын лъэкIынукъым. [10]Тхьэм и бынхэри шейтIаным и бынхэри зэрызэхэпщIыхукIынур мыращ: Щыпкъагъэр зылэжь дэтхэнэри Тхьэм и бынхэм ящыщкъым, апхуэдэ дыдэу, зи къуэшыр фIыуэ зымылъагъур Тхьэм и бынхэм ящыщкъым.

### *ФIыуэ фызэрылъагъу*

[11]Япэм къыщыщIэдзауэ зэхэфха хъыбарыр мыращ: ФIыуэ фызэрылъагъу. [12]ШейтIаным и бынхэм ящыщу Каин* зи цIэу зи къуэш зыукIыжам хуэдэ фымыхъу. Сыт абы и къуэшыр щIиукIыжар? Езым илэжьа Iуэхугъуэхэр бзаджагъэу, и къуэшым илэжьахэр захуагъэу щытти, аращ. [13]Си къуэшхэ, мы дунейм и цIыхухэм фыкъалъагъу мыхъумэ, фымыгъэщIагъуэ. [14]Ди къуэшхэр фIыуэ зэрытлъагъум щхьэкIэ лIэныгъэм дыIэщIэкIыу гъащIэм дызэрыхыхьар дощIэ. Зи къуэшыр фIыуэ зымылъагъур лIэныгъэм IэщIэлъщ. [15]Зи къуэшыр жагъуэу зылъагъу дэтхэнэри цIыхуукIщ. ЦIыхуукIым и гум мыкIуэдыжын гъащIэ зэримылъыр фэ фощIэ.

[16]ФIылъагъуныгъэр зыхуэдэр дэзыгъащIэр мыращ: Хьисэ Мэссихь и псэр тхуитащ. Дэри ди псэр ди къуэшхэм папщIэ ттын хуейщ. [17]Зыгуэрым дуней мылъкур иIэ пэтми, езым и

3:12 Каин – еплъ 1 Мусэ 4:3-8.

къуэшым щыщIагъэ иIэу щилъагъукIэ, ар фIэгуэныхь мыхъумэ,
абы и гум Тхьэм и фIылъагъуныгъэр илъын? [18]Фэ, си бынхэм
хуэдэхэ, псалъэмрэ бзэмрэ я закъуэкIэ фIыуэ дызэрылъагъукIэ
ирикъунукъым. ФIы щIэныгъэрэ пэжыгъэкIэ фIыуэ дызэрылъа-
гъун хуейщ.

*Тхьэм и пащхьэм гушхуэныгъэ щыдиIэныр*

[19]ФIыуэ дызэрылъагъуныращ щыпкъагъэм дызэрытетыр
дэзыгъащIэр, [20]икIи дигухэм дагъэкъуаншэ щыхъукIэ, Тхьэм и
пащхьэм гузэгъэгъуэ къыщыдэзытыр. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ
Тхьэр дигухэм нэхъри нэхъ инщ икIи псори ещIэ.

[21]Аращи, фIыуэ слъагъухэ, дигухэм дамыгъэкъуаншэмэ, гу-
шхуэныгъэкIэ Тхьэм и гъунэгъу дохъу. [22]Тхьэм и унафэхэри езым
Iуэху игъуэу илъытэхэри зэрыдлэжьым щхьэкIэ дызыщIэлъэIур
къыдет. [23]Мыращ и унафэр: и Къуэу Хьисэ Мэссихь и цIэкIэ
фIэщхъуныгъэ диIэнырщ икIи Мэссихь унафэ къызэры-
тхуищIам хуэдэу,* фIыуэ дызэрылъагъунырщ. [24]Тхьэм и унафэ-
хэр зыгъэзащIэ цIыхум и псэм Тхьэр хэлъщ, а цIыхури Тхьэм и
псэм щыщщ. Тхьэр ди псэм зэрыхэлъыр дэзыгъащIэр езым и
Псэ ЛъапIэу ди гум кърилъхьар арщ.

# 4-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Тхьэм и Псэ ЛъапIэмрэ Антихрист и псэмрэ*

ФIыуэ слъагъухэ, «Тхьэм и Псэ ЛъапIэр си гум илъщ», жы-
зыIэ дэтхэнэри фи фIэщ фымыщI, ауэ и гум илъыр Тхьэм и
Псэ ЛъапIэр арамэ, вгъэунэху, бегъымбар нэпцI Iэджэ дунейм
къытехьащи. [2]Тхьэм и Псэ ЛъапIэр цIыху гуэрым и гум илъмэ,
ар къывэзыгъэщIэнур мыращ: Хьисэ Мэссихь дунейм цIыхуу
къызэрыкIуам шэч къытезымыхьэ дэтхэнэми игу Тхьэм и Псэ
ЛъапIэр илъщ. [3]Хьисэ Мэссихь дунейм цIыхуу къызэрыкIуам
шэч къытезыхьэ дэтхэнэми и гум Тхьэм и Псэ ЛъапIэр илъкъым.

3:23 Мэссихь унафэ къызэрытхуищIам хуэдэу – еплъ Иуан 13:34; 15:12,17.

А цIыхум и гум илъыр Антихрист и псэр арщ. Ар къызэрыкIуэ-
нур зэхэфхащ. Ар дунейм къытехьакIэщ иджы.
[4]Фэ, си бынхэм хуэдэхэ, Тхьэм фрибынщ, бегъымбар нэпцIхэ-
ми фатекIуащ, фи гум илъ псэр мы дунейм и цIыхухэм я гум
илъ псэм нэхърэ нэхъ инщи. [5]А бегъымбар нэпцIхэр мы дуней
хьэхум и бынхэщ. Аращи, ахэр мы дуней хьэхум и Iуэхугъуэ-
хэм топсэлъыхь икIи мы дуней хьэхум и цIыхухэр абыхэм я
псалъэхэм йодаIуэ. [6]Ауэ дэ Тхьэм дрибынщ. Тхьэр зыщIэ цIыхур
дэ къыдодаIуэ, ауэ Тхьэм и быну щымытыр дэ къыдэдаIуэр-
къым. Аращ щыпкъагъэм и Псэр зи гум илъри гъэпцIагъэм и
псэр зи гум илъри къыдэзыгъащIэр.

*Тхьэр фIылъагъуныгъэщ*

[7]ФIыуэ слъагъухэ, фIыуэ дызэрывгъэлъагъу, сыт щхьэкIэ жы-
пIэмэ фIылъагъуныгъэр Тхьэм и деж къокI. ФIылъагъуныгъэ
зи гум илъ дэтхэнэри Тхьэм и бынщ икIи абы Тхьэр зыхуэдэр
ещIэ. [8]ФIылъагъуныгъэ зи гум имылъым Тхьэр зыхуэдэр ищIэ-
ркъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Тхьэр езыр фIылъагъуныгъэщ.
[9]Тхьэм фIыуэ дызэрилъагъур мыпхуэдэу къытхуигъэнэIуащ:
ГъащIэ къыдитын щхьэкIэ, Тхьэм езым и Къуэ закъуэр дунейм
къигъэкIуащ. [10]ФIылъагъуныгъэ жыхуэсIэр Тхьэм дэ худиIэ
фIылъагъуныгъэр аракъым, атIэ Тхьэм фIыуэ дэ дилъагъуу,
ди гуэныхьхэр тхуэзыпшыныжын къурмэныпхъэ хъуну езым и
Къуэр къызэригъэкIуар арщ. [11]ФIыуэ слъагъухэ, Тхьэм апхуэ-
дизу фIыуэ дызэрилъэгъуам щхьэкIэ дэри фIыуэ дызэрылъа-
гъун хуейщ. [12]Тхьэр зэи зыми нэкIэ илъэгъуакъым, ауэ фIыуэ
дызэрылъагъумэ, Тхьэр ди псэм хэлъщ икIи и фIылъагъуныгъэр
нэгъэсауэ ди гум илъщ.
[13]Тхьэм и псэм дызэрыщыщри езыри ди псэм зэрыхэлъри
къыдэзыгъащIэр Тхьэм ди гум кърилъхьа и Псэ ЛъапIэр арщ.
[14]Адэ лъапIэм дунейм и цIыхухэр мыкIуэду къригъэлын щхьэ-
кIэ, езым и Къуэр къызэригъэкIуар ди нэгу щIэкIащ икIи абы
щыхьэт дыхуохъу. [15]Хьисэ Тхьэм зэри-Къуэр зыщтэ цIыхум и
псэм Тхьэр хэлъщ, а цIыхури Тхьэм и псэм щыщщ. [16]Апхуэдэу
Тхьэм къытхуиIэ фIылъагъуныгъэр дощIэ икIи а фIылъагъуны-
гъэм дыщогугъ.

Тхьэр фIылъагъуныгъэщ. ФIылъагъуныгъэр зи гум илъ цIы-
хур Тхьэм и псэм щыщщ, Тхьэри а цIыхум и псэм хэлъщ. [17]Къе-

мэтмахуэм гушхуэныгъэ диIэн щхьэкIэ, Тхьэм и фIылъагъуны-
гъэр нэгъэсауэ ди гум илъщ, Мэссихь зэрыщытым хуэдэу, дэри
мы дунейм дыщыщытщи. [18]Тхьэм и фIылъагъуныгъэр зи гум
илъыр шынэркъым, шынагъуэр фIылъагъуныгъэ нэгъэсам
щхьэщехри. Шынагъуэр къемэтмахуэм и гугъуехь шэчыным
епхащ. Шынэ цIыхум и гум фIылъагъуныгъэ нэгъэсар илъкъым.

[19]Тхьэм япэщIыкIэ дэ фIыуэ дызэрилъэгъуам щхьэкIэ дэ ди
гуми фIылъагъуныгъэ илъщ. [20]Зыгуэрым, «Тхьэр фIыуэ солъа-
гъу», жиIэ пэтми, и къуэшыр жагъуэу илъагъумэ, ар пцIыупсщ.
Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ нэкIэ илъэгъуа и къуэшыр фIыуэ зымы-
лъагъум, нэкIэ имылъэгъуа Тхьэр фIыуэ илъагъун лъэкIыну-
къым. [21]Тхьэм мы унафэр къытхуищIащ: Тхьэр фIыуэ зылъагъум
и къуэшри фIыуэ илъагъун хуейщ.

# 5-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Дунейм текIуэр фIэщхъуныгъэращ*

Хьисэ зэры-МэссихьымкIэ фIэщхъуныгъэ зиIэр Тхьэм и
бынщ. Адэр фIыуэ зылъагъу дэтхэнэми абы и къуэри фIыуэ
елъагъу. [2]Тхьэм и бынхэр фIыуэ зэрытлъагъур дэзыгъащIэр
Тхьэр фIыуэ зэрытлъагъумрэ и унафэхэр зэрыдгъэзащIэмрэщ.
[3]Тхьэр фIыуэ тлъагъумэ, и унафэхэр дгъэзэщIэнущ. И унафэхэри
гугъукъым. [4]Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Тхьэм и быну щыт дэтхэнэри
дуней гуэныхьхэм токIуэ. Мы дуней гуэныхьхэм дазэрытекIуэр
ди фIэщхъуныгъэр арщ. [5]Хэт дунейм текIуэр? Хьисэ Тхьэм зэри-
Къуэр зи фIэщ хъур ар къудейрщ.

*Къуэ лъапIэм теухуа щыхьэтыгъэр*

[6]Хьисэ Мэссихьыращ псыкIи* лъыкIи* къэкIуар. Псы къу-
дейкIэ къэкIуакъым, атIэ псырэ лъырэкIэщ.* Тхьэм и Псэ
ЛъапIэращ щыхьэт хуэхъур, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Тхьэм и Псэ
ЛъапIэращ щыпкъагъэр. [7]Уафэм щыхьэт щыхъухэр щы мэхъу:

5:6 псыкIи къэкIуар – Хьисэ псыкIэ къыщыкIуар Иуан ар щиумэхъарщ.

5:6 лъыкIи къэкIуар – Хьисэ лъыкIэ къыщыкIуар жорым лъы щыщыщIэкIаращ.

Адэ лъапIэр, Тхьэм и псалъэр, Тхьэм и Псэ ЛъапIэр. А щыри
зыщ. [8] ЩIылъэм щыхьэт щыхъухэри щы мэхъу: Тхьэм и Псэ
ЛъапIэр, псыр, лъыр; а щыми къыжаIэр зэтохуэ. [9]ЦIыхухэм я
щыхьэтыгъэр додэ, ауэ Тхьэм и щыхьэтыгъэр нэхъ лъапIэщ, а
щыхьэтыгъэр езы Тхьэм и Къуэм хуищIа щыхьэтыгъэщи.
[10]Тхьэм и КъуэмкIэ фIэщхъуныгъэ зиIэ цIыхум и гум щыхьэ-
тыгъэр илъщ. ТхьэмкIэ фIэщхъуныгъэ зимыIэ цIыхум Тхьэр
пцIыупсу жеIэ, Тхьэм езым и Къуэм хуищIа щыхьэтыгъэр и
фIэщ хъуакъыми. [11]Щыхьэтыгъэр мыращ: Тхьэм мыкIуэдыжын
гъащIэ къыдитащ икIи а мыкIуэдыжын гъащIэр Тхьэм езым и
Къуэм къыдитыну ищIащ. [12]Къуэ лъапIэр зи псэм хэлъ цIыхум
апхуэдэ гъащIэр иIэщ. Къуэ лъапIэр зи псэм хэмылъым а
гъащIэр иIэкъым.

*МыкIуэдыжын гъащIэр*

[13]Фэ, Тхьэм и Къуэм и цIэкIэ фIэщхъуныгъэ зиIэхэм, мыкIуэ-
дыжын гъащIэ зэрывиIэр фщIэн щхьэкIэ, мы Iуэхугъуэхэр ныф-
хузотх. [14]Тхьэр зэрыхуейм тету Iуэхугъуэ гуэркIэ делъэIумэ, ды-
зэрызэхихынур дощIэри, езым гушхуэныгъэкIэ гъунэгъу дыхуо-
хъу. [15]СыткIэ делъэIуми, дызэрызэхихынур дощIэри, дызэре-
лъэIуар диIэ зэрыхъуар дощIэ.

[16]И къэушым ажал къызыхэмыкI гуэныхь ищIэу зылъагъур
Тхьэм ирелъэIу, Тхьэм а къуэшым гъащIэ къритынущ – ажал
къызыхэмыкI гуэныхь зыщIар аращ жыхуэсIэр. Ажал къызы-
хэкI гуэныхьри щыIэщ. Апхуэдэ гуэныхьыр къыхуигъэгъун
щхьэкIэ, Тхьэм ирелъэIу жысIэркъым. [17]Къуаншагъэ псори гуэ-
ныхьщ, ауэ ажал къызыхэмыкI гуэныхьи щыIэщ.

[18]Тхьэм и бын хъуам гуэныхь щIэным пэIэщIэ зэрызищIар
дощIэ; Тхьэм и быныр зыхуосакъыж,* шейтIанри абы еIусэ-
нукъым. [19]Дэ Тхьэм дызэрибыныр дощIэ, дуней псори шейтIа-
ным и IэмыщIэ зэрилъри дощIэ. [20]Тхьэм и Къуэр къакIуэу, Тхьэ
пэжыр тщIэну зэхэщIыкI къызэрыдитари дощIэ. Щыпкъагъэр
Зигу Илъыр ди псэм щыщщ – Тхьэм и Къуэу Хьисэ Мэссихьыр
арщ. Ар Тхьэ щыпкъэу щытщ икIи цIыхухэм мыкIуэдыжын
гъащIэ езытыр аращ.

[21] Фэ, си бын хуэдэхэ, тхьэ нэпцIхэм защыфхъумэ. Iэмин.

---

5:18 Тхьэм и быныр зыхуосакъыж – е Тхьэм и Къуэм ар къехъумэ.



# АПОСТОЛ ИУАН И ЕТІУАНЭ ТХЫЛЪ

*ФІэхъус*

Сэ члисэ зэхуэсым и нэхъыжьхэм сащыщщ,* Тхьэм и нэфІ
зыщыхуа уэ гуащэ лъапІэм, пэжыгъэкІэ фІыуэ слъагъу уи бын-
хэм* мы тхылъыр ныфхузотх. Фэ фІыуэ фызылъагъур сэ си
закъуэкъым, щыпкъагъэр зэзыгъэщІа псоми фІыуэ фалъагъу.
2Щыпкъагъэр ди гум зэрилъым, игъащІэкІи зэрилъынум къы-
хэкІкІэ фэ фІыуэ фыдолъагъу.
3Тхьэуэ Адэ лъапІэмрэ Адэ лъапІэм и Къуэу Зиусхьэн Хьисэ
Мэссихьрэ къабгъэдэкІыу нэфІ щыхуэныгъэ, гущІэгъуныгъэ-
шхуэ, гузэгъэгъуэ дэ, щыпкъагъэр зыщІэхэм икІи фІыуэ
зэрылъагъухэм, къытлърес.

*Щыпкъагъэмрэ фІылъагъуныгъэмрэ*

4Адэ лъапІэм унафэ къызэрытхуищІам хуэдэу, уи бынхэм
ящыщ зыкъом щыпкъагъэм тету псэууэ щыслъагъум, куэду сы-

1 Сэ члисэ зэхуэсым и нэхъыжьхэм сащыщщ – еплъ Екъуб 5:14.

1 уэ гуащэ лъапІэм, ... уи бынхэм – члисэ зэхуэсымрэ члисэ зэхуэсым щыщхэмрэ арагъэн хуейщ.

гуфIащ. [5] Иджы, гуащэ лъапIэ, сынолъэIу: ФIыуэ дызэрывгъэлъагъу. Ар унафэщIэм хуэдэу ныпхуэстхыркъым, ар япэм къыщыщIэдзауэ диIа унафэу щытщ. [6]Тхьэм и унафэхэм тету дыпсэунырщ фIылъагъуныгъэкIэ сызэджэр. Ипэ дыдэм къыщыщIэдзауэ зэхэфха унафэр фIылъагъуныгъэм фытету фызэрыпсэур арщ.

[7]Хьисэ Мэссихь дунейм цIыхуу къызэрыкIуар зымыдэ цIыху куэд - адрей цIыхухэр къэзыгъапцIэхэр дунейм къытехьащ. Апхуэдэ цIыхухэр гъэпцIакIуэщ икIи Антихристхэщ. [8]Фэ фщIа Iуэхур фымыгъэкIуэд икIи фи IыхьэфIыр ирикъуауэ вгъуэтын щхьэкIэ, фызыхуэсакъыж. [9]Мэссихь дигъэщIа Iуэхугъуэхэм епцIыжьауэ, абыхэм текI дэтхэнэми и псэм Тхьэр хэлъкъым, ауэ Мэссихь дигъэщIа Iуэхугъуэхэм сыт щыгъуи тет цIыхум и псэм Адэ лъапIэри Къуэ лъапIэри хэлъщ. [10]Фи деж зыгуэр къакIуэу, Мэссихь дигъэщIа Iуэхугъуэхэм яхуэмыдэ фигъэлэжьмэ, ар фи унэм щIэвмыгъэхьэ, фIэхъуси евмых. [11]Абы фIэхъус езыхым а цIыхум илэжь Iуэху щIэпхъаджэхэмкIэ и Iыхьэгъу хуохъу.

*Иужьрей фIэхъус псалъэхэр*

[12]Ныфхуэстхыну сиIэр куэдщ иджыри, ауэ тхылъымпIэрэ шакъэкIэ нэстхыну сыхуейкъым. Ди гуфIэгъуэр нэгъэса хъун щхьэкIэ, фи деж сэ сынакIуэу дызэбгъэдэтIысхьэу дызэпсэлъэным сыщогугъ.

[13]Тхьэм къыхиха уи шыпхъум и бынхэм* фIэхъус къыуахыж. Iэмин.

---

13 Тхьэм къыхиха уи шыпхъум и бынхэр – мы тхылъыр зытхар зыщыщ члисэ зэхуэсым и цIыхухэр арагъэн хуейщ.



# АПОСТОЛ ИУАН И ЕЩАНЭ ТХЫЛЪ

*ФIэхъус*

Сэ члисэ зэхуэсым и нэхъыжьхэм сащыщщ,* пэжыгъэкIэ
фIыуэ слъагъу уэ, Гай лъапIэм, мы тхылъыр ныпхузотх.
2Си тIасэ, уи псэуныгъэ фIыуэ, утхъэжу упсэуну Тхьэм со-
лъэIу, уигурэ уи псэрэ зэрыпсэхум хуэдэу. 3Къуэш гуэрхэр
къакIуэу, уи щыпкъагъэм тепсэлъыхьу, щыпкъагъэм утету узэ-
рыпсэум щыхьэт зэрытехъуам куэду сригуфIащ. 4Си бынхэр
щыпкъагъэм тету зэрыпсэур щызэхэсхкIэ, абы нэхърэ нэхъ
гуфIэгъуэшхуэ сиIэкъым.
5Си тIасэ, къуэшхэми хамэхэми фIыуэ яхуэблэжымкIэ щып-
къагъэ уи гум илъу уощI. 6Ахэр члисэ зэхуэсым и пащхьэм уи
фIылъагъуныгъэм щыхьэт щытехъуащ. Тхьэм зэрыфIэзахуэм
хуэдэу, я гъуэгумкIэ абыхэм дэIэпыкъуэгъу уахуэхъумэ, фIы
пщIауэ арщ. 7Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ а къуэшхэм фIэщхъуныгъэ
зимыIэхэм дэIэпыкъуныгъэ щымыгугъыу, Мэссихь и цIэм
щхьэкIэ гъуэгум техьащ. 8Аращи, апхуэдэ цIыхухэм дэIэпы-
къуэгъу дахуэхъун хуейщ, пэжыгъэм хуащIэ IуэхумкIэ гъусэ
дахуэхъун щхьэкIэ.

---

1 Сэ члисэ зэхуэсым и нэхъыжьхэм сащыщщ – еплъ Екъуб 5:14.

*Диотрефрэ Димитрийрэ*

9Члисэ зэхуэсым тхылъ хуэстхащ, ауэ Диотрефу абыхэм пашэ
яхуэхъуну хуейм дидэркъым. 10Аращи, сынакIуэмэ, абы ищIэ
Iуэхухэр къэзгъэнэхуэнущ, ар псалъэ дыджкIэ къызэрыттепсэ-
лъыхьым щхьэкIэ. Абы къыщымынэу, къуэшхэр иригъэблэгъэн
идэркъым, езыгъэблэгъэну хуейхэми яхуимыдэу япоув икIи
члисэ зэхуэсым яхехуж.
11Си тIасэ, мыхъумыщIэ зылэжьхэм я лъэужьым уримыкIуэу,
фIыгъуэ зылэжьхэм я лъэужьым ирикIуэ. ФIыгъуэ зылэжьыр
Тхьэм и бынщ. МыхъумыщIэ зылэжьым Тхьэм фIэщхъуныгъэ
хуиIэкъым. 12ЦIыху псори Димитрий фIыкIэ щыхьэт хуохъу,
езы щыпкъагъэри фIыкIэ абы щыхьэт къыхуохъу. Дэри фIыкIэ
щыхьэт дыхуохъу, ди щыхьэтыгъэри зэрыпэжыр уэ уощIэ.

*Иужьрей фIэхъус псалъэхэр*

13Ныпхуэстхыныр куэд мэхъу, ауэ къалэмрэ шакъэкIэ
нэстхыну сыхуейкъым. 14ЩIэхыу услъагъуу, итIанэ
дызэбгъэдэтIысхьэу дызэпсэлъэну сыщогугъ.
15Уигу ирезагъэ. МыбыкIэ щыIэ ныбжьэгъухэм фIэхъус
къыуахыж. АбыкIэ щыIэ ныбжьэгъухэм зырызу фIэхъус схуе-
хыжи, я Iэхэри схуэубыдыж. Iэмин.



# АПОСТОЛ ИУДЭ И ТХЫЛЪ

*ФIэхъус*

Сэ сы-Иудэщ, Хьисэ Мэссихь сыхуолажьэ, Екъуб* срикъуэшщ.

Тхьэуэ Адэ лъапIэм и бынхэм ящыщ хъуну хуриджауэ, зигу игъэкъабзэу, Хьисэ Мэссихь къихъумэхэм мы тхылъыр ныфхузотх.

2Тхьэм къыбгъэдэкIыу гущIэгъушхуэ, гузэгъэгъуэшхуэ, фIылъагъуныгъэшхуэ къыфлъэрес.

*Дин егъэджакIуэ нэпцIхэр*
*(2 Петр 2:1-17)*

3ФIыуэ слъагъухэ, фэри дэри дымыкIуэду Тхьэм дыкъызэрыригъэлам теухуауэ куэд ныфхуэстхыну сыхуеящ. Ауэ Тхьэм езым и цIыху лъапIэхэм я IэмыщIэм кърилъхьа фIэщхъуныгъэм бы-

---

1 Екъуб – Ерусалим щыIа члисэ зэхуэсым и унафэщI къуэшхэм ящыщыр арагъэн хуейщ. Еплъ Апостол. 15:13; Гал. 1:19.

дэу фытетыну сынывэлъэIун щхьэкIэ, итIанэ нэхъ иужькIэ ныф-
хуэстхын хуейуэ къэслъытащ. [4]Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ цIыху
гуэрхэм фымыщIэххэу зыкъыфхагъэзэрыхьащ. Тхьэм ахэр зэ-
ригъэкъуэншэнур и псалъэ тхахэм куэд щIауэ хэтщ. Тхьэм и
фIэлIыкI абыхэм я гум илъкъым. Ди Тхьэм и нэфI цIыхухэм
къазэрыщыхуэм и хъыбарыр къагъэсэбэп абыхэм, мыхъумыщIэ
псэукIэм зратын щхьэкIэ. Ди пашэ икIи ди Зиусхьэн закъуэ
Хьисэ Мэссихьыр ягукIэ ящтэркъым.

[5]Мыр фщIэми, фи гум къэзгъэкIыжыну сыхуейщ: Зиусхьэным
езым и лъэпкъыр Мысыр къэралым къришыжу, мыкIуэду къри-
гъэлауэ щытми,* абыхэм ящыщу фIэщхъуныгъэ зимыIэхэр
иужькIэ игъэкIуэдащ.* [6]Тепщэныгъэ зыщаIэ щIыпIэр къэзыгъэ-
на мелыIычу, Тхьэм къарита щIыпIэм икIахэр Тхьэм цIыхухэм
хьэкум щатрищIыхьыну махуэшхуэм нэсыху игъащIэкIэ мы-
кIуэдыжын Iэхъулъэхъухэр ярылъу кIыфIыгъэм хегъэт. [7]Апхуэ-
дэу Содом, Iаморэ къалэхэм* я цIыхухэмрэ а къалэхэм я Iэшэ-
лъашэхэм ит къалэхэм дэс цIыхухэмрэ зинэри цIыхухэм
ямыщIапхъэ емыкIу Iуэхухэри ящIэу щытащ. ЗэикI мыункIы-
фIыжын мафIэм и гугъуехьышхуэр Тхьэм абыхэм яригъэшэчурэ,
абыхэм я гъуэгу дримыкIуэн щхьэкIэ, ахэр щапхъэ къытхуи-
щIащ.

[8]Апхуэдэу, я нэкъыфIэщIхэм щхьэкIэ мы цIыхухэм япкъхэр
ягъэуфIей; тепщэныгъэ зиIэхэр ядэркъым, уафэм щIыхьышхуэ
щызиIэхэми хуошхыдэ. [9]Япэ мелыIычу Михаилрэ шейтIанымрэ
Мусэ бегъымбарым и хьэдэр щызэпаубыдам щыгъуэ Михаил
шейтIаныр псалъэ ткIыбжькIэ игъэкъуэншэну тегушхуакъым,
«Зиусхьэным къыпхуремыдэ!» жриIа къудейщ. [10]А цIыхухэр
зыри зыхамыщIыкI Iуэхугъуэхэми хущIоджэ; ауэ акъыл зимыIэ
хьэкIэкхъуэкIэхэм езыхэм къыдалъхуауэ я хьэлкIэ Iуэхугъуэхэр
зэрызыхащIыкIым хуэдэу, а цIыхухэм зыхащIыкI Iуэхугъуэхэр
арщ ахэр зытеунахъуэр.

[11]Ахэр гъуэгу мыгъуэ теуващ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Каин* и
гъуэгу техьащ, Билеам* зи цIэм зэрищIам хуэдэу, абыхэми
ахъшэ щхьэкIэ бзаджагъэ ящIэ, Корейм* хуэдэу я ерыщыгъэкIэ
мэкIуэдыж.

---

5 Мысыр къэралым къришыжу, мыкIуэду къригъэлауэ щытми – еплъ 2 Мусэ 12:51; 4 Мусэ 4:26-38.

7 Содом, Iаморэ къалэхэр – еплъ 1 Мусэ 19:1-24.

11 Каин – еплъ 1 Мусэ 4:3-8.

11 Билеам – еплъ 4 Мусэ 22:1-35.

[12]ФыщызэдэшхэкIэ, апхуэдэ цIыхухэр фэркIэ укIытэгъуэ мэхъу: КъыщывдэшхэкIэ нэмыс яхэлъкъым, загъэнщIыркъым. Ахэр уэшх къызыхэмыкIыу, жьым зэрихуэ пшэхэм хуэдэщ. Бжьыхьэм зыри къызыпымыкIэу, зи лъабжьэр къыхатхъауэ, тIэу лIа жыгхэрщ зыхуэдэр ахэр.
[13]Зи фIейр дэзыдзей толъкъунхэм яхуэдэщ, вагъуэ гъуэщахэу кIыфIыгъэм и кууупIэр Тхьэм игъащIэкIэ къызыхуигъэнахэм яхуэдэщ.

[14]Еныху бегъымбару Iэдэм зи цIэм къытехъукIа цIыхухэм ящыщу еханэм и гум Тхьэм кърилъхьэ псалъэхэр жиIэурэ, а цIыхухэм теухуауэ мыпхуэдэу жиIащ: «ФыкъэдаIуэ, бжыгъэ зимыIэ мелыIыч лъапIэхэр и гъусэу Зиусхьэныр къэкIуэнущ.
[15]КъыщIэкIуэнур цIыху псоми хьэкум ятрищIыхьыну аращ икIи абыхэм ящыщу Тхьэм и фIэлIыкI зигу имылъ псоми я къуаншагъэ псори яригъэлъагъуну арщ. Тхьэм и фIэлIыкI я гум имылъу, бзаджагъэ Iуэхугъуэу ялэжьа псом щхьэкIи, псалъэ Iейуэ Зиусхьэным теухуауэ жаIа псом щхьэкIи къуаншэ зэрыхъуар а гуэныхьыщIэ цIыхуу Тхьэм и фIэлIыкI зигу имылъхэм яригъэлъагъунущ».
[16]Ахэр зыкIи мыарэзыуэ, тхьэусыхэ зэпытщ. Я хъуэпсэныгъэ Iейхэм кърашэкIыу мэпсэухэр. Я жьэм псалъэ дыгъэлхэм нэмыщI, къажьэдэкIыркъым. ЦIыхухэм я фIагъ зрагъэкIын щхьэкIэ, абыхэм ящотхъу.

*Теубыдагъэ зивгъэIэ*

[17]Ауэ фэ, фIыуэ слъагъухэ, ди Зиусхьэну Хьисэ Мэссихь и апостолхэм* къэхъуну къыжаIа Iуэхугъуэхэр фи гум къэвгъэкIыж.
[18]КъывжаIар мыращ: Мы дунейм и иужьрей зэманым щIэнэкIакIуэу зи мурад Iейхэм хуэпсэухэр къэхутэнущ.
[19]Мыпхуэдэ цIыхухэращ фызэгурызымыгъаIуэр. Абыхэм къыдалъхуауэ я хьэлым къызэрыришэкIым тету псэухэм, Тхьэм и Псэ ЛъапIэр я гум илъкъым.

[20]Ауэ фэ, фIыуэ слъагъухэ, гурэ псэкIэ нэхъ къару зыхуэвгъуэтыжу, фи фIэщхъуныгъэ лъапIэ дыдэм и щыпкъагъэм фызэрытетыным фыхущIэкъу. Тхьэм и Псэ ЛъапIэм и лъэкIыныгъэкIэ Тхьэм фелъэIу.
[21]Ди Зиусхьэну Хьисэ Мэссихь

11 Корей – еплъ 4 Мусэ 16:1-35.

17 апостолхэр – япэщIыкIэ апостолкIэ зэджахэр Хьисэ и гъуэгу ирикIуэ япэрей цIыху пщыкIутIырщ. ИтIанэ нэгъуэщI цIыхуу Паул хуэдэу, Хьисэ мы дунейм щытетым, и гъуэгу ирикIуэхэм ящыщу щымыIауэ, итIанэ и гъуэгу техьахэм апостолкIэ еджэ хъуащ.

гущIэгъу къыфхуищIу, мыкIуэдыжын гъащIэ къызэрывитынум фыпэплъэ, Тхьэм и фIылъагъуныгъэм зыхэвмыгъэн. [22]ЗэхэщIыкI зивгъэIи, ди фIэщхъуныгъэмкIэ шэч зиIэ цIыхухэм гущIэгъу яхуэфщI. [23]НэгъуэщIхэри мафIэм къыхэфшыжи,* мыкIуэду къевгъэл. ИтIанэ нэгъуэщI цIыхухэми фахуэсакъыурэ, гущIэгъу яхуэфщI.* Япкъхэм ягъэуфIея щыгъынхэми пэIэщIэ зыфщI.

*Тхьэм щIыхь хуэдвгъэщI*

[24]И гъуэгум фытекIыным Тхьэм фыщихъумэн лъэкIынущ, лажьи фимыIэу, гуфIэгъуэшхуи фиIэу, езы щIыхьышхуэ ЗиIэм и пащхьэм фригъэувэн лъэкIынущ. [25]Хьисэ Мэссихь къыпкъырыкIыу дэ дымыкIуэду дыкъезыгъэла Тхьэ закъуэм щIыхьышхуэр, лъэщыгъуэр, лъэкIыныгъэшхуэр, тепщэныгъэшхуэр ейщ лъэхъэнэ псоми япэми, иджыри, игъащIэкIи. Iэмин.

---

23 нэгъуэщIхэри мафIэм къыхэфшыжи – фэ фщыщ нэгъуэщIи жыхьэнмэм и мафIэм хэхуэну щытхэр мыкIуэду къевгъэл.

23 нэгъуэщI цIыхухэми фахуэсакъыурэ гущIэгъу яхуэфщI – а цIыхухэм я фIеигъэм фыхамыгъэхуэн щхьэкIэ, фызыхуэсакъыж.